ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№119 (23.777) ● 2018 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 29, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек и къулыкъум пэрохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм япэу утыку къыщыхьащ.

ЗэIущIэм хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым, КъБР-м и Парламентым я депутатхэр, КъБР-м и Правительствэм хэтхэр, республикэм и Конституционнэ, Нэхъыщхьэ, Арбитражнэ судхэм я унафэщIхэр, хабзэхьумэ Iэнатlэхэм, районхэм, дин Iуэхущlапlэхэм, Жкыларуэ палатэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, профсоюз зэгуэхьныгъэхэм я лыкIуэхэр.

ЗэIуцIэр къыщызэIуихым, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ, Урысейм и Лыхъжь Матовников Александр кьеджащ Путин Владимир къыдигъэкIа Указхэм: УФ-м ЗыхъумэжьныгъэмкIэ и Советым и секретарым и къуэдзэу КIуэкIуэ Юрий зэрагъэувым кьыхэкIыу абы КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр зэрыщхьэщихым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэззэщIэну КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэм пщэрылъ зэрыщиIыкIырэ ятеуухэхэм.

- КIуэкIуэ Юрий 2013 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу лэжьащ. А зэманым хэриубыдэу щIыналъэм щызэфIагъэкIар мащIэкъым: Iуэхущlапlэщlэхэр къэунэхуащ, мэкъумэш Iэнатlэр кIуэ пэтми иофIакIуэ, социальнэ Iэхуэхэм гулыитэ ин ягъуэтащ, инвестицэ Iэхуэхэм заужь, сымаджэщ, сабий гъэсапIэ, курыт еджапIэ, щэнхабзэмкIэ унэщIэ пщIы бжыгъэхэр кьызэIуахащ, - жиIащ Матовников Александр. - Апхуэдэуи и мыхьэнэкIэ нэхъ цыкIуу къыщIэкIынкъым щIыналъэ зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуами. Шэч хэмылъу, а псор зи ехъулIэныгъэр псом япэу КIуэкIуэ Юрийрэ абы къуэту дэлэжьахэмрэщ. Сыхуейщ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыригъэкIуэкIам кьыхэкIыу КIуэкIуэм фIыщIэ хуэсщIыну икIи сохъуэхъу зыпэрыхьэ Iэнатlэщlэми ехъулIэныгъэ кьыщигъэлъэгъуэну. КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр игъэззэщIэну ягъэува КIуэкIуэ Казбек мы зэманым зи Iэхуэщlафэкlэ и пщIэр къэзылэжьыжьа, жэуаплыныгъэ зыхэлъ щIыхуащ. Псоми зэрыфщIэщи, Казбек и адэ Валерий и зэманым республикэм хуищIар зыхуэдэм уасэ иIэкъым. Дыщогугъ абы и щапхъэм Казбеки тетыну.

Матовников Александр жиIащ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Iуэхущlапlэ зыбжанэм я унафэщIу зэрылажьар, Налшык къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советымрэ КъБР-м и Парламентымрэ я депутату зэрыхахыгъар, КъБР-м мэкъумэш Iэнатlэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ къалэным зэрыпэрытар. 2015 гъэм и мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ КIуэкIуэр щыIэжьащ УФ-м и Президентым и Администрацэм политикэ кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и управленэм.

- Дэтхэнэми си къалэн нэхъыщхьэр УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа накъыгъэ унафэхэр, 2024 гъэ пщIондэ тещIыхьаэр, дгъэзэжщIэнырщ. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым: щIыналъэ унафэщIхэм ди къару зэхэлъкIэщ ди цыхуэхэм я псэу- кIэр зэредгъэфIэкIуэфынур, - дыщIигъуащ Матовниковым.

Абы КIуэкIуэ Казбек зыхуигъаазэри жриIащ сыт и лъэныкъуэкIи дэIепыкъуну къыззэригъэгугъэр.

КIуэкIуэ Юрий псалъэ щратым, псом япэу жиIащ УФ-м и Президент Путин Владимир Iэнатlэ лъагэ къыззрыхуигъэлъэгъуам папщIэ фIыщIэ зэрыхуищIыр. Апхуэдэуи къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэу зэрыщыта пIалъэм къэзылэжьыжьа, жэуаплыныгъэ зыхэлъ щIыхуащ. Псоми зэрыфщIэщи, Казбек и адэ Валерий и зэманым зи Iэхуэщlафэкlэ и пщIэр къэзылэжьыжьа, жэуаплыныгъэ зыхэлъ щIыхуащ. Псоми зэрыфщIэщи, Казбек и адэ Валерий и зэманым республикэм хуищIар зыхуэдэм уасэ иIэкъым. Дыщогугъ абы и щапхъэм Казбеки тетыну.

Матовников Александр жиIащ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Iуэхущlапlэ зыбжанэм я унафэщIу зэрылажьар, Налшык къалэ округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советымрэ КъБР-м и Парламентымрэ я депутату зэрыхахыгъар, КъБР-м мэкъумэш Iэнатlэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ къалэным зэрыпэрытар. 2015 гъэм и мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ КIуэкIуэр щылэжьащ УФ-м и Президентым и Администрацэм политикэ кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и управленэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зэрыщхьэщихым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэззэщIэну КIуэкIуэ Казбек Валерий и къуэм пщэрылъ зэрыщиIыкIырэ ятеуухэхэм.

- КIуэкIуэ Юрий 2013 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу лэжьащ. А зэманым хэриубыдэу щIыналъэм щызэфIагъэкIар мащIэкъым: Iуэхущlапlэщlэхэр къэунэхуащ, мэкъумэш Iэнатlэр кIуэ пэтми иофIакIуэ, социальнэ Iэхуэхэм гулыитэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ фокIадэм и 27-м иригъэкIуэкIащ бжьыгъэ лэжьэгъуэм и япэ зэIущIэр. Зэрыхабзэу, ар къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я гимнхэмкIэ.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт **Ульбашев Мухьэрбий** Щlыхь тхылъхэр зыхуагъэфэща депутат зыбжанэм яритыжащ. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым и Щlыхь тхылъыр хуагъэфэщащ илъэс куэд хъуауэ республикэм и хабзэубзыху Iэхуэщlапlэм зегъэужьыным зи гущlэ хэзылъхьэ, КъБР-м и Парламентым Экономикэмкlэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iэхуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI Iэпщэ Заур, Федерацэмкlэ Советым и Унафэщым и Фlыщlэ тхылъыр абы иритащ КъБР-м и Парламентым и Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъэзэгъэнымкlэ и комитетым и унафэщI Гугу Владимир.

КъБР-м и Парламентым и депутат Саенкэ Татьянэ и къалэнхэр щхьэщащхащ, Май районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъур къызэрыхуагъэлъэгъуам къыхэкIыу.

Депутатхэм даIыгъащ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ Iэнатlэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ Iуэхущlапlэхэмкlэ, Экономикэмкlэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт Iуэхуэхэмкlэ и комитетхэм Бэджьдэ Мухьэмэд хагъэхьэну къызэрагъэлъэгъуащ.

Зэхуэсыныгъэхэр халъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъэ Парламентым и Iуэхуэхэм я къулыкъуэхэр зэрыт Реестрым. Абы ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхуэхэм я къулыкъуэхэр я япэ къуэдзэ Iэнатlэщlэр ягъэбелджылащ.

Зэлуцlэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2018 гъэм, 2019 - 2020 гъэхэм ятещIыхьауэ» Хабзэм и проектым.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 583-рэ лейуэ зэхуэсыуатIупщащ. Абы щыщу сом мелуани 119,30-р трагъэкIуэдэнщ бюджет Iэнатlэ Iутхэм я улахуэм хагъэхъуэным, пщIэнэзыу хущхъуэ зратын хуей цIыхухэм, - жиIащ КъБР-м финансэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Лисун Еленэ**. - Социальнэ дэIепыкъуныгъэр, егъэджэныгъэ Iэнатlэр иратеэфIакIуэнми а ахъшэм щыщ хухахынущ.

Зэлуцlэм етIуанэ еджэгъуэ къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэгу фондым и бюджетым теухуауэ» КъБР-м и Хабзэм и 4-нэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэкlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и проектыр. Абыкlэ я мурадщ гъэзэгу шынагъэуэн-шагъэм теухуауэ УФ-м щызекIуэ хабзэхэр къызэрызэпаудамкIэ иратеэпшын къуэдыр гъэзэгу фондхэм ягъэкIуэну. КъищынэмыщIауэ, гъэзэгухэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ, проектым щагъэбелджылащ фондым нэгущI Iэхуэхэм къыпэкIуэу хэхъуэ иIэнымкIэ Iэмалхэр. Абыхэм ящыщщ машинэ хъэлъэзешэхэм гъуэгур зэракъутэм, хьэпшыпхэр хабзэм кьемызэгъыу къызэрырашэкIым, нэгъуэщIхэми къыхэкIыу ирагъэпшынымкIэ къуэдыхэр.

Депутатхэр арэзы техъуащ «Пенсэ кIуэгъуэм нэблигъахэм ират къэрал дэIепыкъуныгъэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хабзэм и проектым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэрагъэззэщIам теухуауэ» КъБР-м и Правительствэм ищIа отчетым.

ЗэIущIэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхьэрэ - Аланиемрэ я гъунапкъэ зэпылъыпIэм хуэзэу щыIэ бгым Прохоренкэ Александр и цIэр фIэщыныкIэ къыхалъхьа Iуэхум. КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал ухуэкIэмрэ щыпIэ унафэр зегъэкIуэныкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис** жиIащ абы теухуауэ Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и Парламентым зэрызыкъыхуагъэзар, УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкlэ и министерствэм ар зэрыдиIыгъыр. «ЗэрыфщIэщи, Прохоренкэ Александр Сурием и къалэн щигъэзащIэу щыхэкIуэдащ. Абы и цIэр зыфIащыну къагъэлъагъуэ бгыр щIыпIэкIэ Сухонскэ къуршым хуоз икIи абы укъыщепльыхкIа а бгыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыщу уолъагъу. Аращ ди гъунэгъу республикэм дэ зыкъыхуигъэзэн хуей щIэхъуар. ТфIэтэмэмщ а Iуэхур ядэтIыгъыну», - жиIащ Мэлбахъуэм.

Правительствэм хухах сыхьэтым хьхьэу, зэIущIэм щедэIуащ 2018 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIам къырикIуам. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыхуэр егъэджэныкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумыкъу Iэуес**. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, егъэджэныгъэ программэхэмкlэ къэрал аттестацэм (ГИА) мы гъэм хэтащ цIыху 4745-рэ. Абыхэм ящыщу Зыуэ щыт къэрал экзаменыр ятащ 4679-м. ЕджакIуэхэм езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ ятыну нэхъыбэу къыхаха дерсхэм ящыщу, обществознаниер, математикэр, тхыдэр, биологиер, химиер, физикэр. Нэхъ мащIэм ятащ географиер, информатикэр, литературэр, жаумкъэралыбзэхэр. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, экзаменхэр щекIуэкIым лъэпощхьэпо щыIакъым. 2018 гъэм балли 100 къахьащ еджапIэ къэзыуха цIыху 22-м.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КъБР-м и Парламентым

Iуэхугъуэ 20-м хоплъэ

☸ Ди къуэш республикэхэм

Адыгэ фащэм и махуэр ягъэлъапIэ

ФокIадэм и 28-м АР-м щагъэлъэпIащ Лъэпкъ фащэм и махуэр. Гуфiэгъуэ Iуэхуэхэр щекIуэкIащ Мейкьуапэ дэт Къэрал филармонием.

ХУДОЖНИК-модельер цIэрыIуэ, Адыгейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Стащ Юрий, республикэм и модельер щIалэхэм ягъэхъэзыра лъэпкъ фащэхэр ягъэлъэгъуащ. Къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ сабий творческэ гупхэм. Республикэм щыпсэуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ папщIэ пщыхьэщхьэм адыгэ джэгу зэхаублащ.

- Махуэшхуэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр лъэпкъ фащэхэр гъэлъэгъуэнырщ, ахэр хъумэнырщ, - жиIащ Адыгэ Республикэм Лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ, хэхэсхэм запыщIэнымрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Щхьэлахьуэ Аскэр.

Лъэпкъхэм я щIалэгъуалэ совет

КъЭРЭШЕЙ-ШЭР - ДжЭС. ***Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид къыхилъхьащ КъШР-м Лъэпкъхэм я щIалэгъуалэ совет къыщызэрагъэпэщыну.***

Темрезов Рашид зэрыжиIамкIэ, щIалэгъуалэр дэIепыкъуэгъуэхуэ хъунущ. Лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр республикэм щыгъэбыдэнымкIэ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ягъэблэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынымрэ абыхэм ябгъэдэлъ творческэ зэфIэкIыр пхыгъэкIынымрэ.

Мэзкуу щызэхашэ

АБЭХЪАЗ. ***ФокIадэм и 30-м Мэзкуу и «Красная Пресня» паркым щекIуэкIынущ Абхъазым и «Апсны» фестиваль.***

МЭЗКУУДЭСХЭР щыгъуазэ ящыныщ Абхъазыр дыгъэм, тенджызым я мызакъуэу, щэнхабзэм и къэралу зэрыщытым. Цыхухэм я нэгу зрагъэужьынущ «Амцабз», «Черкесия» къэфакIуэ гуп цIэрыIуэхэм, узрэджыIакIуэхэу Викторие Лабиерэ Амрэ Баргандиерэ, Леонтьев Авангард кьеджэнущ Искандер Фазиль и Iэдакъэщlэкlхэм щыщ пычыгъэхэм.

Къызэхуэсхэм папщIэ абхъаз пщафIэхэм ирагъэкIуэкIынущ мастер-классхэр, гупыж зыщIэхэр ирагъэсэнущ аиладж, хъынкIэл, хачапури гъэхьэзырыным.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Банк Iуэхуэр

Анэ (унагъуэ) мылъку зиIэхэм папщIэ

«Анэ (унагъуэ) мылъкум и къэрал сертификатыр зиIэ цIыхухэм ипотекэкIэ къащта кредитым щхьэщаткI процент ставкэхэм ящыщ Iыхьэхэр щапшныныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкIыу банк Iуэхутхьабзэхэр яхуэщIэным и Iуэхуэ кIэ» Хъумапlэ банкымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэращIыла зэгурыIуэныгъэр адэкIи мэлажь.

АБЫ ипкъ иткIэ анэ мылъкум и къэрал сертификатыр зиIэхэм ипотекэ кредит кьыщащтэкIэ щыгугъ хъунущ щхьэщаткIыну процент ставкэм щыщ Iыхьэ республикэ бюджетым и хьэткIэ хурагъэкъужьну.

Къаргъэлъэгъуа программэмкIэ ипотекэ кредит кьуатын папщIэ Iэмал имыIэу убгъэдэлъын хуейщ анэ (унагъуэ) мылъку: щIыхьэр нэхъыбэ дыдэу зэрат пIалъэр мазэ 120-рэ мэхъу, кредиту сом мелуан 1,5-м нэс къпщтэфынущ. Абы щыгъуэми кьыхэгъащIыпхъэщ: пэщIэдзэ взносу анэ мылъкур къэбгъэсэбэн хъунущ, сабийр иIэсищ ирикъуным упэмыплIэу.

«Мы программэм ипкъ иткIэ дэIепыкъуныгъэ ягъуэтащ ди республикэм и унагъуэщIэ 800-м щIигъуи. Хъумапlэ банкым и лэжьакIуэхэр хущIокъу дэтхэнэ зыкъыхэзыгъаазэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуагъуэтыну икIи ихъэзырц я псэупIэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ Iэмал нэхъыфIэхэр кьыхуагъэпэгъуэну», - къыджриIащ Урысейм и Хъумапlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

ХЬэТАУ Исльам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм мазэйм къриубыдэу сом мелард 22-м щIигъу и уасэ продукцэ къалэжьащ

Республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм щыIэ хозяйствэ лIэужьыныгъуэ псоми 2018 гъэм и япэ мазэйм къриубыдэу сом мелард 22,3-рэ и уасэ продукцэ гъэ кIуам и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 102,5-рэ къалэжьащ.

ГъЭШУ тонн мин 299,8-рэ (проценти 102-рэ) къашащ, джэдыкIэу мелуани 134,2-рэ (проценти 100,7-рэ) крахащ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъэн хуейщ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

ФокIадэм и 1-м щIидзауэ КъБР-м Пощт зэпылъщIэныгъэхэмкIэ и управленэм ирегъэкIуэкI 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зыкIэфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдзэлъхубзэкIэ къыщыдэкIыр. ДызэригуГъэмкIи, ар яIэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщIэгъуэн кьэд кьивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъэздэржэ, спорт хъыбарыщIэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуху тхыгъэхэр, нэгъуэщI кьэди.

Газетым Iэ щытевдзэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и пощт Iуэхущlапlэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Iэ тедзапIэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кIэпIейкIэ 78-рэ хьууэ арац.

Ди индексыр 51531

Мэшбащ Iэ Исхьэкъ хьэрыпыбзэкIэ «мэпсалъэ»

● ТхыгъэщIэхэр

СССР-мрэ РСФСР-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, АР-м, КъШР-м, КъБР-м я цIыхубз тхакIуэ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и тхыдэ романхэу «Шэрджэсхэр», «Ридадэ» жыхуиIэхэр хьэрыпыбзэкIэ дунейм къытехьащ.

ТХЫЛЪИТIРИ Мейкъуапэ къыщыдэкIащ. Лэжьыгъэ щхьэпэр и Iэдакъэ къыщIэкIащ Ерокъуэ къуажэм щыпсэу Тхьэкъуахъуэ Уэлид. Ар илъэсих и пэкIэ, Сирием зауэ къыщыхъеяр нэужь, адэжь хэкум кьэIэпхъуэжахэм ящыщщ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и «Шэрджэсхэр» романым XVI лIэщIыгъуэм дегъэгъэзэж; «Ридадэм» дыщегъэгъуазэ адыгэ лъэпкъыр къызытехьуIауэ ялъытэ касогхэм я тхыдэ жыжьэм.

Зи гугъу тщIы зэдзэкIыгъэхэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хьэрып къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ялъигъэIэсыну и мурадщ. Абы и пэ кьихуэу я тхылъхэм ящыщ зыкъом щэкIуэгъуэм и 19-м екIуэкIа ДАХ-м и XII зэхуэсышхуэм и лыкIуэхэм тыгъэ хуащIащ.

Мэшбащ Iэм и романхэу Тхьэкъуахъуэ Уэлид зэридзэкIаехэм я бжыгъэр пщIы иригъуащ. Жыпэн хуейщ езы Уэлидри зэрыт-каклуэр, Сирие Хьэрып Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм зэрыхэтыр. Кудэ дамыкIыу «Адыгэ псалъэ» зэрыт и щIэджыкIакIуэхэм Iэмал иIэнущ абы и новеллэхэм кьеджэну.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● ДАХ-м и XII Конгрессым къыщта тхыгъэхэр

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессым хэтахэм абхъаз лъэпкъым зэрызыхуагъаз

Пщlэ зыхуэтщl ди абхъаз къуэшхэ, шыпхъухэ!

Абхъаз лъэпкъым и Хэку зауэм Текlуэныгъэ къызэрыщихьрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур - Абхъазым и тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызиlэ махуэшхуэр - къоблагъэ. Абхъаз Республикэ щхьэхуитым и гуфlэгъуэ нэхъыщхьэу щытщ и Текlуэныгъэм и махуэр. Дэ зэи тщыгъупщэнукъым абхъаз лъэпкъым и Текlуэныгъэр, бэлыхьышхуэхэр къыщlызэранэкlар, цlыху куэд зыхэкlуэдар икlи хэщlыныгъэшхуэхэр къахуэзыхьар.

А махуэм дэ дигу къыдэгъэкlыж Абхъазым и къуэ нэхъыфlхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм и нэгъуэщl щlыпlэхэм, хамэ къэралхэм щыщу Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр яхъумэну къэуваз щытахэр. Абыхэм ящыщ куэдым нэхъ лъапlэ дыдэу яlэр - я псэхэр - щlатащ абхъазыщым мамырыгъэр щытепщэ хъужыным, Апсны щыналъэм иджыпсту щыпсэухэрэмрэ лъэпкъым къыщlэхъуэ щlэблэхэмрэ зауэзщlыным.

Нобэ дэ дрогушхуэ Абхъаз Республикэ щхьэхуитым зыlэригъахьэ екъулlэныгъэхэм.

Дрогушхуэ Абхъаз Республикэр щхьэхуиту къэзылъытагъ апэ къэралу Урысей Федерацэр зэрыщытым.

Дрогушхуэ Абхъазым и Хэку зауэм Текlуэныгъэр къыщихьыным, Абхъаз Республикэр щхьэхуиту къалъытэным адыгэ лъэпкъым хуищlа хэлъхьэныгъэм.

Текlуа лъэпкъым щlыхь худощl!

А зауэм хэкlуэдахэр зэи тщыгъупщэнукъым!

Шэрджэсхэр (адыгэхэр) фэильхьэгъуэм «щыгъынкlэ» еджэрт. Шэкlэ яуэзд Iэщlэр къыззрежьуэ шэрджэсхэм фэильхьэгъуэщlэ къагупсысащ, «Адыгэ фащэкlэ» еджэу, «шэрджэс теплъэ» мыхьэнэр къикlыу. Цейм хъурыфэ пыlэр, джанэр, зыгъэзырхэр зытет джанэ щыlутелъыр, къамэ зыкlэрыщlа бгырыпхыр, сэшхуэр, фочкlэщlыр, джэлэфейр, лъахъстэн вакъэр щыгъуэт. Адрей лъэпкъхэм я фащэхэм зыкlи хуэбгъадэ мыхъуну зэхэлъщ ар.

ЦЕЙМ и художественнэ ухуэкlэ нэхъыщхьэхэр, Iэщlэхэр шэрджэс (адыгэ) хабзэм тету къагупсысащ. Цейм тхыгъэ хуэд траухуащ камэ къэрал, урыс къхутакlуэ цlэрыпсэхэм. Абыхэм ящыщ зыбжанэм щыгъуазэ фыщlынут. Апхуэдэхэщ Жан-Шарль де Бесс и «Путешествие в Крым, на Кавказ, в Грузию, Армению, Малую Азию и Константинополь в 1823 и 1830 гг.»: «Кавказым ис лъэпкъ псоми щатlэгъа адыгэ фащэр зэпэщу икlи щы тесыным, зекlуэ хуэмышlэу. Сыт и лъэныкъуэкlи фащэ тыншыр, зэкlужыр адыгэхэм я тращlэм лъэныкъуэ куэдкlэ хуэлыгат, Шэрджэсым къищынэмыщlа, нэгъуэщl щыналъэ куэдми абы зыщигъуат».

Зиссерман А. «Двадцать пять лет на Кавказе» тхыгъэм щыжеlэ: «Кавказ Ищхъэрэм Къэбэрдейр щапхъэ зытракъуу къыщlалъытэрт. Адыгэхэр кавказ франдзжыуэ къалъытэрт, перхэр Кавказым исхэм зэрыгарэщхьым хуэдэу: арат бостейхэр, Iэщlэхэр хэlуащlыу щыхъуар».

Студенецкая Елена и «Одежда народов Северного Кавказа XVIII-XX вв.» жьхуиlэм дыкъыщоджэ: «Черкеска» фlэщыгъэр а фэильхьэгъуэм езытар а щыгъэныныгъэр адыгэхэм япэу зэрахьэу зыльэгъуа урысхэрщ... Кавказ Ищхъэрэм и бгырыс лъэпкъ псоми, иужькlэ къызахъэм (псыжь, тэрч) Къэбэрдейм фэильхьэгъуэхэр, Iэщlэхэр, шы шэсыкlэр, нэгъуэщlхэри ирахащ, нэгъуэщlу жьыlэмэ набдзэгъэ дзапlэу кlэльыплъырт къэбэрдей зыхуэпэкlэ хэпlлъыхьам къыщlыхьу зэхъуэкlыныгъэхэм. Адыгэ фащэм, Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, нэгъуэщl щыlпlэхэми зыщигъбгъуащ. Кхыхэрэщыпхъэщ, щlалъхьэ и гуныгъэ лъэпкъхэм (къэрэшей-балъкъархэм, осетинхэм, ингушхэм) я адыгэ цlыхубз фащэхэри иужьрейхэм къуэдкlэ зэрещхьым гу зэрылъытпэр».

Студенецкая Еленэ «Быт и культура кабардинского народа (XVIII-XIX вв.)» тхыгъэм адэкlэ щыжеlэ: «Ахэр жьалгъуэ и лъэныкъуэкlэ нэхъ зызыужьа лъэпкът икlи псэукlэкlэ, хабзэкlэ, зыщlэнкlэ, фэильхьэгъуэкlэ щапхъэ зытракт. Абы и лъэныкъуэкlэ гурыlуэгъуэщ, адыгэ фащэм Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, нэгъуэщl щыналъэхэми апхуэдэу куууэ зыщlыщlуужьар... Къэбэрдейхэм я щэнхабзэмрэ псэукlэмрэ адыгэхэм я гъунэгъу урысхэм, украинхэм, къэзакъхэм щапхъэ зэрахъэкъур наlуэщ - ар хьбольагъуэ иужьрейхэм я зыхуэпэкlэм, Iэщlэм, шы Iэпсlпэпсхэм, хабзэхэм, макъамэмрэ къафэхэмрэ, Iуэрыlуатэм».

Брокгауз Ф., Ефрон И. сымэ я «Энциклопедический словарь»-м и XIII томым итщ: «Къэбэрдейр нэхъапэмэ щытащ, иджыри къонэж дуней тетыкlэ, хьэл-щэн дахэм бгырыпхэр щыхурагъаджэ щlыпlэу. Кавказ Ищхъэрэм и бгырыс лъэпкъхэм, иужькlэ къэзакъхэм Къэбэрдейм щызэрахъэ фэильхьэгъуэщlэ, Iэщlэхэм, шы тесыкlэм, нэгъуэщl-къинэмыщlэхэм щапхъэ трахащ».

Флориан Антуан Жиль и «Письма о Кавказе и Крыме» тхыгъэм дыщыжегъэгъуаз: «Нэхъапэlуэкlэ лъэпкъхьшхуэу щыта адыгэхэр къызэрымыкlуэу щууей къаруфlэжащ. Я хабзэр, Iэщlэр, зэщlэуэзда щыкlэр шэрджэсхэм я мызакъуэу, Кавказым ис бгырыс лъэпкъ псоми я щапхъэт, къыдэкlуэу, зауэм щыlуэхьэкlэ адыгэхэм я фащэхэмрэ Iэщlэхэмрэ къащтэным нэхъыфI къызыхуэмыгупсыса къэзакъхэри абыхэм яхэт.

Нобж, Къэбэрдейр зэрыщыту къазэуами, иджыри Кавказ псом ахэр модэм щитетщ, абы и лъэныкъуэкlэ Париж Европэм зэрыщитетым хуэдэу; икlи адыгэхэм я лъэпкъ Iэщlэ-фащэм зэхъуэкlыныгъэ гуэрхэр халъхьамэ, ар бгырыхэмри ди къэзакъхэми занщlэу къапхъуатэ. Щlакlэ нэхъыфI дыдэхэр, щынэм и фэм къыхуэщlыкlа упщlэ пыlэ дэгъуэхэр адыгэхэрщ зи Iэрыкlыр».

«Кавказ и Кавказская война. Публичные лекции, читанные в зале Пассажа в 1860 году Генерального штаба полковником Романовским» лэжьыгъэм дыкъыщоджэ: «Шэрджэсхэр я теплъэ дахэхэмкlэ, Iуащlагъымкlэ, хахуагъэмкlэ нэгъуэщlхэм къахоц. Нобэ адыгэхэр... нэхъ къулейхэщ, адрей лъэпкъхэм я щапхъэгъэльагъуэщ. Адыгэхэр, къапщтэмэ, бгырысхэм я дежкlэ фэильхьэгъуэхэм я щапхъэгъэльагъуэщ».

МЭЛБАХЪУЭ Борис,
искусствоведенэм и доктор, Строганов С. Г. и цlэр зэрихьэу Москва дэт къуэрыкlуэ художественно-промышленнэ академием и профессор.

● Адыгэ фащэм и махуэ

Шэрджэс лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфlыгъуэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессым и Резолюцэ

2018 гъэм фокIадэм и 19-м Налшык къалэм щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессыр. Абы къырихьэлIащ Урысей Федерацэм (Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм) я адыгэ жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я лыкIуэхэр, апхуэдэуи хамэ къэралхэм щылажьэ шэрджэс зэгуэныгъэхэм: Тыркум, Сириеи, Иорданиеи, США-м, Израилымрэ Европэ Союзымрэ къикIахэр.

Дэ, ДАХ-м и XII Конгрессым хэтхэм, жыдоIэ шэрджэс псомэ я Iуэху дзгъэкIыным телажьэ, правительствэм и нэIе щIэмыт дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэуэ щыт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и мыхьэнэр нэхъ кIащхъэ зэрымыкъуар. Адажь щIыналъэмрэ хамэ къэралхэмрэ щыпсэу адыгэхэр зэзыпх, правительствэм и нэIэм щIэмыт шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэр зэкъуэзыгъэувэ Iуэхущlапlэ закъуэу къонэж ДАХ-р.

Абы и зэфIэкIхэм яфIэгъэщIэгъуэну къызэрыкIэлъыплъым къеГъэльагъуэ шэрджэсхэм я сэбэп зыхэлъхэр адажь щIыналъэми хамэ къэралхэми щыпхьгъэкIыным телажьэ а дунейпсо Iуэхущlапlэм куэд къызэрыкуэныкъуэр.

Ди лэжьыгъэр теухуащ адыгэ лъэпкъым ифI къызыхэкIын Iуэху нэхъыщхьэхэр дзгъэкIыным, абы щыгъуэми къыдольытэ ди хэкуэгъуэхэр щыпсэу къэралхэм, абыхэм лъэпкъ куэду зэхэт я жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я сэбэп зыхэлъхэри. А къалэнхэр ГъэззщlэнырщI зытеухуаеу щытар ДАХ-м и Гъэззщlакlуэ гупымрэ Хасащхьэмрэ блэкIа зэманхэм хэтахэм я лэжьыгъэр.

Дэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Конгрессым и лЫкIуэхэм:

- зэпымыууэ зыхьыдогъэщ шэрджэс лъэпкъыр адажь щIыналъэм зы щыхьэныным, ди анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, къыддекIуэкI хабзэхэр хьумэным, абыхэм зеГъэужьным, адыгэхэр щыпсэу къэралхэм и лъэпкъ псомэ я лЫкIуэхэм яку дэлъ зэгуныгъэмрэ зэгуныгъуфI зэхущытыкIэмрэ гъэбыдэным дыззрыхущlэкъур;

- ди гуапэщ шэрджэс лъэпкъым, абы и щэнхабзэм зегъэужьным адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм щагъэзащlэ къалэным кIуэ пэтми зэрыхэхьуэр;

- ди лъэпкъэгъуэхэр щыпсэу къэралхэмрэ щыналъэхэмрэ я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къэрал, муниципальнэ властым и органхэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ хъумэным хуэгъэзащlэ шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр жыджэру дадзлэжьэным дызэриТелъхьэр жыдоIэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм зыхуигъэувыжу щытащ, иджыри зыхуеГъэувыжу мыпхуэдэ къалэн нэхъыщхьэхэр:

- ДАХ-м хэт шэрджэс жылагъуэ зэгухьэныгъэхэу адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ, псэкlупсэ къыдеигъэкIэ къэгъащlэрэщlэжьыныр абыхэм зегъэужьныныр, зихуэдэ щымыIэ и лъэпкъ щыкIэр хьумэным, адыгэхэм ди тхыдэр джыным пыщlа лэжьыгъэхэр адэкIи егъэкIуэкIыным елэжьхэр а Iуэхуэхэм хуэзщlегъэуIуэнымрэ абыхэм я къалэнхэр я гъэззщlэнымкIэ защIэгъэкъуэнымрэ;

- хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм хэкужьым къыхуэIэ пыщlэныгъэхэм зегъэубгъун папщIэ зыхуейзыхуэфIэкIэ къахуэзгъэпэщыным щIэгъэкъуэн хуэхъуныр;

- ди лъэпкъэгъуэхэр адэжь хэкум къэIэпхъуэжьным пыщlа Iуэхуэхэр нэхъ тыншу зэфIэкIыным хуэгъэпса Iэмалхэр Урысей Федерацэм щызэхэлъхьэныр;

- мамырыгъэр, лъэпкъэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуфIэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным хуэлэжьэныр, апхуэдэуи социальнэ, лъэпкъ, нэгъуэщI зэныкъуэкъуэр къэмыгъэхъуныр;

- цlыхуэм и хуитныныгъэхэмрэ щхьэхуитныныгъэхэмрэ хуэгъэзауэ дуней псом щызекIуэ хабзэхэр я тегъэщlапIэу, адыгэхэм я политикэ, щхьэхэзэ, бзэ хуитныгъэхэр я адэжь щIыналъэми хамэ къэралхэми къащыхуэзгъэпэщыным.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэщIхэу щIэуэ хахахэм къалэн ящыщIын:

- ДАХ-м и лэжьыгъэм хэлъ ныкъуасанигъэхэу къаГъэльэгъуахэр гъэззэкIуэжьным хуэгъэза Iуэхуэхэр зэхальхьэну, Конгрессым хэтхэм кIыхьалъхьа чэнджэщхэр ягъэззэщlэну;

- адыгэ щlалэгъуалэм я адэжьхэм я тхыдэр яджным хуэунэтIауэ екIуэкI лэжьыгъэм сэбэп хуэхъуну;

- ди адэжь хэкум щекIуэкI Iуэхуфlхэм я хъыбархэр езыхэр щыпсэу къэралхэм хэIуцlыIу щыщlынм хуэунэтIа лэжьыгъэм хамэ къэралыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр нэхъ жыджэру кIыхьащlу, адыгэхэм я щэнхабзэ, щlэныгъэ, экономикэ ефIэкIыныгъэхэр адэжь хэкум и сэбэп хэлъу къагъэсэбэпыну;

- сабийхэмрэ щlалэгъуалэмрэ я анэдэлъхубзэр зрагъэщlэным дегъэхъахьным хуэлэжьэну методикэ щхьэхуэ зэхалъхьэну;

- адыгэ лъэпкъым и бзэр, щэнхабзэр, къыдекIуэкI зэхэтыкIэ дахэр хьумэнымрэ абыхэм зегъэужьныныр хуэунэтIауэ кIыхьалъхьэ жэрдэмхэр гъэззщlэным нэхъ жану хэтыну;

- КЪБР-м, АР-м, КЪШР-м я щIыналъэхэм щыlэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм хамэ къэрал щыщ ди хэкуэгъуэхэм я бынхэм щlэныгъэ щызрагъэгъуэтыным хуэунэтIауэ зэтрауха лэжьыгъэм адэкIи зрагъэужьыну;

- къэзыгъэзэжкэр пIалъэкIэ щыпсэуну, е илъэс бжьыгъэкIэ щыlэну хуит зыщlэ дэфтэрхэр, е Урысей Федерацэм и цlыхуу зэрыщытым щыхьэт текIуэр къыдэхьыным пыщlа Iуэхуэхэр нэхъ тыншу яхуэзфIэгъэкIыным хуэгъэза лэжьыгъэм адэкIи пащэну;

- дуней псом шэрджэсу щыпсэур зэкъуэгъэзэвэжьным, ди щэнхабзэ щlэзинхэр къэгъэщlэрэщlажьныныр хъумэныныр, ди хабзэхэр, бзэр хъумжьныным, дунейм адыгэу щыпсэум я сэбэп зыхэлъхэр хъумэныныр абыхэм къащхьэщыжьынырэ, адыгэхэр адэжь Хэкум къэIэпхъуэжьным Iэмалу щыlэ псори къахуэгъэсэбэпауэ а Iуэхуэхэм хэлъыфIыхьыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэм пащэну.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессым хэтхэм кIыхьдогъэщ КЪБР-м щыlэ Гундэлэн къуажэм деж кIыхьэуа лъэпкъ зэныкъуэкъум икъыкIэ дызэрригъэпIейтеяр. Дэ тегъэщlапIэ дощI законым тKIийуэ тетын, лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъуэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ зэгуэгъуэ зэрыгъэзауэ щыlэ хабзэжь хъумэн зэрыхуейр. Зэпэщlэуэа лъэныкъуэкъэ зэкIуэжь, а зэныкъуэкъуэ зэтрауIэфIэжьным дрителъхьэщ. Къаугъэм хэша хьуа щlалэгъуалэм залымыгъэ кIэлъыплъэрамыхьэнми дрителъхьэу дыкъоуэ. Шэч къытетхъэркъым а зэгурымыIуэныгъэр КЪБР-м и къэрал властымрэ жылагъуэмрэ зэдзегугъуэрэ къызэрызэранэкIынум.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Конгрессым хэтахэм къызэдащlащ.

2018 гъэм фокIадэм и 19-м, КъБР, Налшык къалэ

Щlэблэм щlэныгъэ куу етыным къыдэкIуэу, гъэсэныгъэ екIу хэлъхьэнми гулъытэ хэха щигъуэт Iуэхущlапlэхэм ящыщIу Кавказ Ищхъэрэм Гъэзджэхэмкlэ и къэрал институтыр. Мы бы къыщрахьэжьэ Iуэхуэхэм я нэхъыбэм и зэрыдэмщlакIуэщ икIи къызэгъэпэщакIуэщ институтым гуманитар, социально-экономикэ щlэныгъэхэмкlэ и кафедрэм илъэс куэд щlауэ и унафэщI, культурологие щlэныгъэхэм я кандидат, доцент Щауэцlыкlу Людмилэ.

Сызэрыадыгэм срогушхуэ

● Щапхъэ

Щауэцlыкlу Людмилэ

КАМЕННОМОСТ къуажэм къыщалъхуа хъыджэбз цlыкIур зыхалIыкIар адыгэбзэр щыбзэрабзэ, адыгэ хабзэр тKIийуэ щызекIуэ унагъуэшхуэт. Нэхъыбэрэ анэшхуэ-адэшхуэм ябгъэдэса сабийхэр нэхъыжьым пщlэ хуащlу, нэхъыщlэр ялытэу, къызыхэкIа лъэпкъым и цlэр фIыкIэ ягъэIун хуейуэ арат зыщlагъэдэлэр. Людмили апхуэдэущ къызэрыхуар.

Зи адэ-анэр егъэджэныгъэ Iуэхум хэт Людмилэ зэрыжиIэмкIэ, пащlэдзэ классхэм щыщеджэм щыгъуи гурыIуэгъуэт абы Iэщlагъэ ищlынур сыт хуэдэми. 1969 гъэм курыт еджапIэр яшыщlуихьм унагъуэм я библиотекэшхуэм щlэлъ хамэ къэрал, урыс классикэр щlиджыкIат.

Къэбэрдей-Балъкъар къэрал университетым тхыдэмрэ филологиемкIэ и факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щыщlэзгъэкIа къызыкIыну, ар жыджэру хэтащ университет гъащlэм. 1974 гъэм еджапIэ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, Налшык къалэ дэт Ухуакlуэ колледжым эстетикэмкIэ щригъаджэу лэжьэн щыщlидзащ. Илъэс зыбжанэкIэ лэжьауэ ар унафэщlым егъэджэныгъэ Iуэхуэхэмкlэ и къуэдзэу ягъэуват.

ИужькIэ, Кавказ Ищхъэрэм Гъэзджэхэмкlэ и институтыр къызэIуахауа нэужь, Людмилэ абы щригъаджэну къарагъэблагъэ, зы махуи хущlемыгъуэжауэ илъэс 30-м нэсауэ абы щолажьэ.

Щауэцlыкlур зэрылажьэм хуэдэущ и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIри, культурологие щlэныгъэхэм я кандидат цlэр къыфIащащ. Иджыпсту ар институтым гуманитар, социально-экономикэ щlэныгъэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщlщ, доцентщ, этикэ, эстетикэ, хамэ къэрал, урыс литературэ предметхэмкIэ ирегъаджэ.

Щауэцlыкlум жеIэ: «Си Iэщlагъэри, си лэжьыгъэри фIы дыдэу солъагъу. Хуабжьу сыдихьэхыу, махуэ къэсклэ щlэщlыгъуэ сщыхъуу апхуэдэщ. Ар, дауи, насыпыхуэщ! Сэ сыегъэджакIуэми, зэи си студентым сабийуэ сеплъакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр балигъ гъащlэм къыхэбгъкуэуэ аращи, абы зэрыхэпсэукIыным, я гъэзгу къыззрыахьэныным сытым дежи хуэзущийуэ апхуэдэщ. ИкIи сахуэткIийщ, сащыхэгубжьи къохъу, ауэ си ныбжьэгъум, лэжьэгъум хуэдэущ сазэрыбгъэдэтыр. Абыхэм яджын хуей программэр курыт еджапIэм щрагъэщlауэ къыщlотIыкъхьэ, дэ я щIэныгъэр дгъэбэтэн хуейуэ аращи, зэныкъуэкъу ди зэкуэну дэлъу, зым имышlщlэмкIэ адрейм дыдэгуашэу ди дерсхэр идогъэкIуэкI».

Апхуэдэу зи гур зэIуахуэу зи лэжьыгъэм бгъэдэт Щауэцlыкlум и къэзамыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ куэд - абыхэм я бжьыгъэр 60-м нос. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэм студентхэм зэрадалажьэр фIэмащlэрэ нэхъыбэ зэражриэным, зэрариГэльагъуным хущlэкъуу, зэманыр сыт щыгъуи кьемэщlэкIыу, езы егъакIуэхэмэ фIы дыдэу кьалъаугъуу, чэнджэщlэ зэпхъыхуагъаззу апхуэдэщ. Абы и куэдщ и гъэсэнхэу и Iуэхум кьыпызыщlахэри.

КъыдэкIуэтей щlэблэм Людмилэ ядригъэкIуэкI псэ хьэлэл лэжьыгъэр къаралми гулъытэншэ ищlакъым. Абы и щlыхьэтщ и кьаруу емыблэжу иригъэкIуэкI лэжьыгъэ купщlафIэм папщlэ щlыхь, фIыщlэ тхьылъэр мызэ-мытIэу къызэрыхуагъэфэщар. Абыхэм ящыщщ Урысей Федерацэм и Профсоюзхэм, УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм я Щlыхь тхьылъэр, Щlэджэнцыкlу Алий и цlэр зезыхъэ унэ-музейм и лэжьакIуэхэр **Лlыгъур (Сыжажэ) Раисэ Талий и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Сыжажэ Анатолэ Талий и къуэр** дунейм зэрехьжам къыхэкIыу.

Шэрджэсхэр (адыгэхэр) фэильхьэгъуэм «щыгъынкlэ» еджэрт. Шэкlэ яуэзд Iэщlэр къызэрежьэу шэрджэсхэм фэильхьэгъуэщlэ къагупсысащ, «Адыгэ фащэкlэ» еджэу, «шэрджэс теплъэ» мыхьэнэр къикIыу. Цейм хъурыфэ пыlэр, джанэр, зыгъэзырхэр зытет джанэ щыlутелъыр, къамэ зыкlэрыщlа бгырыпхыр, сэшхуэр, фочкlэщlыр, джэлэфейр, лъахъстэн вакъэр щыгъуэт. Адрей лъэпкъхэм я фащэхэм зыкIи хуэбгъадэ мыхъуну зэхэлъщ ар.

ЦЕЙМ и художественнэ ухуэкlэ нэхъыщхьэхэр, Iэщlэхэр шэрджэс (адыгэ) хабзэм тету къагупсысащ. Цейм тхыгъэ хуэд траухуащ камэ къэрал, урыс къхутакIуэ цlэрыпсэхэм. Абыхэм ящыщ зыбжанэм щыгъуазэ фыщlынут. Апхуэдэхэщ Жан-Шарль де Бесс и «Путешествие в Крым, на Кавказ, в Грузию, Армению, Малую Азию и Константинополь в 1823 и 1830 гг.»: «Кавказым ис лъэпкъ псоми щатlэгъа адыгэ фащэр зэпэщу икIи щы тесыным, зекIуэ хуэмышlэу. Сыт и лъэныкъуэкIи фащэ тыншыр, зэкIужыр адыгэхэм я тращlэм лъэныкъуэ куэдкlэ хуэлыгат, Шэрджэсым къищынэмыщlа, нэгъуэщl щыналъэ куэдми абы зыщигъбгъуат».

Зиссерман А. «Двадцать пять лет на Кавказе» тхыгъэм щыжеIэ: «Кавказ Ищхъэрэм Къэбэрдейр щапхъэ зытракъуу къыщlалъытэрт. Адыгэхэр кавказ франдзжыуэ къалъытэрт, перхэр Кавказым исхэм зэрыгарэщхьым хуэдэу: арат бостейхэр, Iэщlэхэр хэlуащlыу щыхъуар».

Студенецкая Еленэ и «Одежда народов Северного Кавказа XVIII-XX вв.» жьхуиlэм дыкъыщоджэ: «Черкеска» фlэщыгъэр а фэильхьэгъуэм езытар а щыгъэныныгъэр адыгэхэм япэу зэрахьэу зыльэгъуа урысхэрщ... Кавказ Ищхъэрэм и бгырыс лъэпкъ псоми, иужькIэ къызахъэм (псыжь, тэрч) Къэбэрдейм фэильхьэгъуэхэр, Iэщlэхэр, шы шэсыкIэр, нэгъуэщlхэри ирахащ, нэгъуэщlу жьыlэмэ набдзэгъэ дзапlэу кlэльыплъырт къэбэрдей зыхуэпэкIэ хэпlлъыхьам къыщlыхьу зэхъуэкIыныгъэхэм. Адыгэ фащэм, Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, нэгъуэщl щыlпlэхэми зыщигъбгъуащ. Кхыхэрэщыпхъэщ, щlалъхьэ и гуныгъэ лъэпкъхэм (къэрэшей-балъкъархэм, осетинхэм, ингушхэм) я адыгэ цlыхубз фащэхэри иужьрейхэм къуэдкIэ зэрещхьым гу зэрылъытпэр».

Студенецкая Еленэ «Быт и культура кабардинского народа (XVIII-XIX вв.)» тхыгъэм адэкIэ щыжеIэ: «Ахэр жьалгъуэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ зызыужьа лъэпкъэт икIи псэукIэкIэ, хабзэкIэ, зыщlэнкIэ, фэильхьэгъуэкIэ щапхъэ зытракт. Абы и лъэныкъуэкIэ гурыIуэгъуэщ, адыгэ фащэм Кавказ Ищхъэрэм и мызакъуэу, нэгъуэщl щыналъэхэми апхуэдэу куууэ зыщlыщlуужьар... Къэбэрдейхэм я щэнхабзэмрэ псэукIэмрэ адыгэхэм я гъунэгъу урысхэм, украинхэм, къэзакъхэм щапхъэ зэрахъэкъур наIуэщ - ар хьбольагъуэ иужьрейхэм я зыхуэпэкIэм, Iэщlэм, шы Iэпсlпэпсхэм, хабзэхэм, макъамэмрэ къафэхэмрэ, Iуэрыlуатэм».

Брокгаузэ Ф., Ефрон И. сымэ я «Энциклопедический словарь»-м и XIII томым итщ: «Къэбэрдейр нэхъапэмэ щытащ, иджыри къонэж дуней тетыкlэ, хьэл-щэн дахэм бгырыпхэр щыхурагъаджэ щlыпlэу. Кавказ Ищхъэрэм и бгырыс лъэпкъхэм, иужькIэ къэзакъхэм Къэбэрдейм щызэрахъэ фэильхьэгъуэщlэ, Iэщlэхэм, шы тесыкlэм, нэгъуэщl-къинэмыщlэхэм щапхъэ трахащ».

Флориан Антуан Жиль и «Письма о Кавказе и Крыме» тхыгъэм дыщыжегъэгъуаз: «Нэхъапэlуэкlэ лъэпкъхьшхуэу щыта адыгэхэр къызэрымыкlуэу щыта щlыпlэхэм къызэрымыкIуэу щууей къаруфIэжащ. Я хабзэр, Iэщlэр, зэщlэуэзда щыкlэр шэрджэсхэм я мызакъуэу, Кавказым ис бгырыс лъэпкъ псоми я щапхъэт, къыдэкIуэу, зауэм щыIуэхьэкlэ адыгэхэм я фащэхэмрэ Iэщlэхэмрэ къащтэным нэхъыфI къызыхуэмыгупсыса къэзакъхэри абыхэм яхэт.

Нобж, Къэбэрдейр зэрыщыту къазэуами, иджыри Кавказ псом ахэр модэм щитетщ, абы и лъэныкъуэкlэ Париж Европэм зэрыщитетым хуэдэу; икIи адыгэхэм я лъэпкъ Iэщlэ-фащэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр халъхьамэ, ар бгырыхэмри ди къэзакъхэми занщlэу къапхъуатэ. Щlакlэ нэхъыфI дыдэхэр, щынэм и фэм къыхуэщlыкlа упщlэ пыlэ дэгъуэхэр адыгэхэрщ зи Iэрыкlыр».

«Кавказ и Кавказская война. Публичные лекции, читанные в зале Пассажа в 1860 году Генерального штаба полковником Романовским» лэжьыгъэм дыкъыщоджэ: «Шэрджэсхэр я теплъэ дахэхэмкlэ, Iуащlагъымкlэ, хахуагъэмкlэ нэгъуэщlхэм къахоц. Нобэ адыгэхэр... нэхъ къулейхэщ, адрей лъэпкъхэм я щапхъэгъэльагъуэщ. Адыгэхэр, къапщтэмэ, бгырысхэм я дежкIэ фэильхьэгъуэхэм я щапхъэгъэльагъуэщ».

МЭЛБАХЪУЭ Борис,
искусствоведенэм и доктор, Строганов С. Г. и цlэр зэрихьэу Москва дэт къуэрыкlуэ художественно-промышленнэ академием и профессор.

Утыкур ягъэдахэ

Бахъсэн къалэм и утыку нэхъыщхьэр. Щэнхабзэмрэ спортымрэ я уардзунэу Щоджэнцыкlу Алий и цlэр зезыхьэм и гупэм деж ирар. Мыву джафэкlэ къращlыкI.

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩI, ар зэман куэди зытекIуадэ, икъукIэ уэзлIэлIэну хуей лэжьыгъэщ. Иджыпсту зэрылтГаГъуци, плиткэ зралъхьэн хуейм и зэхуэдитым нэхърэ нэхъыбэм а лэжьыгъэр щызэфIэкIащ. Иджы Щоджэнцыкlу Алий и фэеплъым и хуьреягъым мывэ зэмыфэгъуэр кърагъэтIылъэкI, нэхъ екIу зэрызыхьэным егупъуу.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Щэнхабзэмкlэ унэм и гупэ утыкур иджырей зэманым екIуу гъэдзэкным техуэ гъэкIыгъэр ирагъэкIуэкI 2018 - 2020 гъэхэм къриубыдэу къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ щыlэ муниципальнэ программэм ипкъ иткIэ. А лэжьыгъэхэр псори зэфIэкIмэ, ухуакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, аращи щlыlэ къэмыхъу щlыкlэ зэфIэгъэкIыну я мурадщ, Бахъсэн къалэм и утыку нэхъыщхьэм иджырей зэманым екIу теплъэ дахэ игъуэтынущ.

КЪБР-м егъэджэныгъэмкIэ щlыхь зиIэ и лэжьакIуэ цlэ лъапIэри къызэрыфIащар.

Сыт хуэдэ гуп хэмыхьэми, зы хьэлым тет бзылъхугъэм игури и псэри къэзыуфхуреиях псоми яхуэзыхуаэ, дэтхэнэми защIигъэкъуэну, ядэIэпыкъуну хьэзыру апхуэдэщ. Арауи щыlщlкIынщ псоми фIыуэ къыщlалъагъур.

Зыщигъэпсэху зэманхэм Щауэцlыкlум хамэ къэралхэм кIуэн, зыщlилъхьэжьа, я псэукIэм, щэнхабзэм щыгъуазэ зищынэ фIэфIщ. Иджыпстукlэ хамэ къэрал 12-м щыlащ.

- Дэнэ щlыпlэ сыщымыIами, сыт хуэдэ дахагъэ, лъэпкъ щэнхабзэ къуленагъэ сымыпIэгъуами, сыкъызыхэкIа лъэпкъым, сызэрыадыгэм сригушхуэу, си щlхьэр лъагэу сIэту унэм сыкъокIуэж, - жеIэ Щауэцlыкlум.

Зэхэщlыкl куурэ акъыл жанкIэ Тхьэр зыхуэупса Людмилэ унагъуэ дахи иIэщ. И щхьэгъусэмрэ езымрэ зэдагъэуэта бынитIым гъащlэм я лъагъуэ къыщагъэгъуэжауэ мэпсэухэр.

Сабэпыщхэ къызэпыкIкIи лэжьыгъэ куэд зи Iэдакъэ къыщlэкI Людмилэ екъулIэныгъэфIхэр иIэу, и унагъуэ дахэр хуэузыншэу иджыри куэдрэ ди апэ итну ди гуапэщ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 29, *щэбэт*

♦**Тенджызым и дунейпсо махуэщ**

♦**Гум и дунейпсо махуэщ**

♦**1887 гъэм** Германием кьыщыщэрагъэпэщащ «Гамбург» футбол командэр.

♦**1907 гъэм** Петербург трамвайм лэжьэн щыщlидзащ.

♦**1916 гъэм** «Стандарт-Ойл» компаниер кьыззэшlэпэща Рокфеллер Джон дуней япэу мелардырыбжэ щыхъуащ.

♦**1956 гъэм** Совет Союзым къыщlэзрагъэпэщащ заузым хэтахэм я комитет.

♦Япэ адыгэ тхакIуэ, генерал-майор **Къаз-Джарий Сультlан** къ

Ислъамым и нур

● Уаз

Гуэныхьышхуэм зыщыфхъумэ

Нэхъ гуэныхьышхуэхэм ящышщ хьэпэщыпхэ щIыныр, «Iэзэ» жыхуаIэхэм «зэрахъэхэр» уи фIэщ хъуныр.

Нэхъ гуэныхьышхуэхэр 70 мэхъури, хьэпэщыпхэр ещанэу къоклуэ. Яныныкъуэ цIыхухэм я фIэщ хъуркъым жин зэрыщIыр. Ауэ ар си фIэщ мыхъум и Iиманыр иримыкъуу аращ. КъурIэн лъапIэм «жин» псалъэмрэ «шейтIан» псалъэмрэ куэдрэ ущрохьэлIэ, уеблэмэ, «Жинхэр» жиIэу сурэ псо къыщыкIыщ КъурIэным. Аращи, ахэр зэрыщIэм щыхьэт тохъуэ Алыхьым и псалъэр.

Мелыбычхэр - нурым, цIыхухэр - ятIэм, жинхэр - мафIэм къахищIыкIащ Алыхьым. Мелыбычхэр къыщIигъэщIар Тхьэм хуэпщыпIым щхьэкIэщ, ахэр куэд мэхъу икIи яэыхэзри жэщми махуэми Тхьэм хуэжьIэщIэ, еш имыIэу. Абы щыхьэт тохъуэ КъурIэным щыщу мы Iэятхэр: *«Ахэр Алыхьым и жьIэм фIэкIэрэкъым, я къэлэн псори ягъэзащIэ»*. Нэгъэущ Iэятым къыщыкIуащ: *«Абыхэм Алыхьым фIыщIэ хуащI жэщи махуи, еш ямыщIэу»*.

Нэгъэущ Iэятым щыжеIэ: *«Дэ цIыхур ятIэм къыхэтщIыкIащ. Нэхъ итIуэкIэ жинхэр мафIэ лыгъейм къыхэтщIыкIащ»*.

Мис апхуэдэ Iэятхэр куэд мэхъу, абы ипкъ иткIэ жинхэр, шейтIаныр зэрыщIыр уи фIэщ мыхъунэр Iиманыншагъэщ.

Сыт атIэ жинхэр зищIысыр?

Мы дунейм зы упщIэ теткъым, и жэуапыр КъурIэным къыщумыгъэтэну. Бегъымбар лъапIэри (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуар) къытхуигъакIуэри, КъурIэн лъапIэм и мыхьэнэри зэпкърыхауэ ди пащхьэ къытхурилъхьащ.

Алыхьым псэ зыIуту къигъэщIахэм тIу къудей яхэтщ ящIэнымкIэ хуиту. Ахэр цIыхухэмрэ жинхэмрэщ. Адрей къигъэщIа псори, мелыбычхэм я деж щегъэжьауэ къуалэбзухэм я деж щиухыжу, Тхьэм и жьIэ закъуэм щIэту аращ.

Араща, Тхьэм Iейри фIыри къыщIэщIащ, жэнэтри жыхьэнмэри къигъэщIащ. Цыхуэри жинри щхьэхуит дищIащ. Дыхуеймэ, фIы длэжьынщи, жэнэт гъэгур къыхэтхынщ; дыхуеймэ, Iей длэжьынщи, жыхьэнмэ гъэгум дытехьэнщ. Дэтхэнэ зыми ди ахърэтыр дэ ешым ди хуитыныгъэкIэ къыхэтхыжу аращ.

Цыхухэм яхуэдэу, жинхэми яхэтщ муслъымэн диныр къыхэзыхахэри, чыристан диным тетхэри, шейтIанхэм я Iэтащхэ Iиблис хуэлажьэхэри.

Зы жин закъуэм хузэфIэкIыр цIыхуу дунейм тету хъуар зэхэтми яхуэзфIэкIынукъым, ауэ щыхъукIи, Алыхьым и Iизынныншэу зыгуэр лъэкIыну зы жин щыIэкъым.

Жину щыIэу хъуар зэхьэхьми, Iиман щыпкъэ зыбгъэдэль цIыхум пэлъэщынукъым, сыту жыIпIэмэ, Iиман щыпкъэ зыбгъэдэлъыр КъурIэнкIэ мэпсэу. КъурIэным пэлъэщыну зы жин дунейм теткъым.

Хьэпэщыпхэ щIыныкIэ жиным игъэзащIэр сыт хуэдэ къалэн?

Iэзэм хьэпэщыпхэ щищIым и деж, къалэн нэхъыщхьэр зыгъэзащIэр жиныращ.

Iиман зыбгъэдэль цIыхум зэи «Iэзэ» зыхуэкIэм илэжь Iэхуэгъуэхэм хуэдэ игъэзащIэнукъым. Апхуэдэхэм тегушхуэр Iиманыншэ, унэхъуа цIыхухэращ. «Iэзэ» жыхуаIэхэм я щхьэр шейтIаным игъэунэзауэ аращ. Iиманыншэр къэгъэпцIэгъуафIэщи, апхуэдэхэм гъусэ яхуохъу жинхэри. Iиман зыбгъэдэлъым зэи жин гъусэ иIэнукъым.

ИлэкIэ зэрыжьитIащи, жиным лъэкIынытгъэшхуэ иIэу къигъэщIащ. Ахэр Алыхь IэмыркIэ дэкIуеифынущ уафэм и еханэ къатым нэс, ебланэм нэсыфынукъым. Ахэр кIэщIэдзIуэхьифынущ Алыхьымрэ мелыбычхэмрэ я псалъэмакъым, ауэ ар псори Алыхьым и Iэмыр защIэкIэщ къызэрыхьур.

Мис а псалъэмакъ зэхихар, щIылъэм къокIуэжри, жреIэж жиныр гъусэ зыхуэхъуа цIыхум («Iэзэм»). А псалъэмакъ пэжым, пцIыуэ блыщI щIагъуж. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхуэхэр къагъапцIэри, Алыхьым пэжыжьэ ящI, ягъэунэхъу. Iэзэм жиIэр зи фIэщ хъуэхэм я нэмэзыр махуэ пIыщIкIэ къабыл хъунукъым, езы «Iэзэм» къыпэщылъри нэхъ Iеижщ.

474-нэ гъэм хьэрып къэралыгъэшэ и унафащI Низам аль-Мулк унафэ ищIат Iимам Шафихь и хьэдэр Мысырым къыщыщIригъэхыжу Багдад щыщIригъэлъхьэжыну. Арщхьэкlэ къыалэдзэсхэм ар ямыдэу, а къыалэныр ягъэзэщIэну ягъэкIуа лIыкIуэхэм мывэкIэ къахэуэу щIадзащ.

ЦIыху губгъэкъэ ягъэуэдэIужщ, зэбграгъэкIыжри, адэкIэ я къалэным пащащ. Iимамым и хьэдэм щынэсым, апхуэдизкIэ мэ дахэ къащIихьати, мащэр къэзыгI псоми ар яхуэмышэчу, я щхьэхэр унаэзурэ къэмэхащ. Тэлай дэкIыу, зыкъащIэжа нэужь, абыхэм тобэ къаухьыжри, Iэхур зыIутым щыгъуазэ ящIащ унафэр къызыбгъэдэкIар. А хъыбар телъыджэр щIэх дыдэу дунейм щызэпъащIысащ. Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Iиимам лъапIэр нэхъри нэхъ цIэрыIуэж хъуащ, и хьэдэри Мысырым къыщынащ.

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) илъэгъуа пщIыкIэпIэ телъыджэр

Тирмизи Iимамым къиIуэтэжащ мы хьэдисыр: Ди ЛIыкIуэ лъапIэу Мухьэмэд (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «ПщIыхьэпIэ телъыджэ слъэгъуащ. Къемэт махуэм цIыхум хьэзабыр езыгъэпшыным си Iумэтым ящIщ зы цIыху къиубыдауэ, бгъэлыхь иригъэшэчыгри, гуэзвэгъуэ хэхуам ищтэу щыта **андезхэр** сэбэп хуэхъури, цIыхур гуэзвэгъуэм кьыхашащ. ИтIанэ слъэгъуащ мащэм хьэзаб щызышэчыр, арщхьэкIэ, абыи ищIа **нэмэзхэр** къэувРи, ар хьэзабым къыргъэлащ. НэгъуэщI зы шейтIанхэм къаухъуреихьат, ауэ абы **зикр** (Алыхьыр уи гум илъыныр, Абы и цIэр жыIэныр, араш зикр жыхуэтIэр) жиIахэр къыщыуубым, шейтIанхэр зэбгрыжьжащ. НэгъуэщI зы псы щхьэкIэ лIэрти, **рэмэдан** мазэм кьинэщIахэм къраГэлащ. Адрейр кIыфIыгъэм хэтти, хьэж ищIам ар кIыфIыгъэм къыхишыжри, нурым хишащ. НэгъуэщI зым псэхэхыр къыхуэзкIуати, ар абы къыIэщIэкIащ и **адэ-анэр** къызэрыхуэзэрзым илъ иткIэ. НэгъуэщI зы муслъымэнхэм хагъэхьэртэкъым, абы къыхуэщхьэпащ **Iыхьлыр** эзримыбгынар, абыхэм щабэу зэрахущытар. Адрейр ЛIыкIуэм бгъэдагъэхьэртэкъыми, абы сэбэп къыхуэхъуащ **андезышхуэр** (зыгъэпсклынращ зи гугъу ищIыр). Жыхьэнмэ мафIэмрэ цIыхумрэ я зэхуаку къыдэувэнущ цIыхум **сэдэкъуэ** итахэр. Жыхьэнмэ мафIэм телажьэхэм зылI къаубыдат мафIэ губгъаи хадзэну, арщхьэкIэ абы **исльам диныр** къызэрилъхьуам илъ иткIэ мафIэ лыгъейм ар къелащ. НэгъуэщI зыр мафIэм хадзэну щахым, ар къригъэлащ Тхьэм хуиIэ шынагъэм илъ иткIэ къыщIэкIа абы и **нэпсхэм**. НэгъуэщIым и тхьилъыр и Iэ сэмэгумкIэ иратыжынути, **Алыхьым хуиIа шынагъэм** илъ иткIэ, ар абы Iэ ижьымкIэ иратыжащ. Зым и лэжьыгъэхэр зэрэзэм щытралъхьэм, абы и лэжьыгъэфIхэр зэрылъ фалъэр псынщIэ щыхъум, **быным яхилъхьа гъэсэныгъэм** ар хьэлъэ ищIащ. Жыхьэнмэ мафIэм и гъунэ дыдэм деж къыщыхуа цIыхур шынакъым, **Алыхьым и арэзыщIыныгъэм** зэрытелэжьам илъ иткIэ. «Сиратлкlэ» дызэджэ лъэмыжьыхуэм псэкIэ икIа цIыхур щытт жэнэтым имыхьэфу, жэнэтыбжэхэр зэрызэхуэщIам илъ иткIэ, арщхьэкIэ, абы кьихьу щыта **шэхьадэм** («Ла Iилахьэ Iилэлахь», Мухьэмэд рэсулъ лахь» псалъэхэращ шэхьадэкIэ дызэджэр) илъ иткIэ абы къыхуэзIуахащ жэнэтыбжэхэр».

Нэмэзыр и чэзум щIыным и мыхьэнэр

Мы хъыбар дахэр мы зэманым къэхъуащ. ЩIалэщIэм нэмэз ищIырт, нэщIи иIыгът, КъурIэнми еджэрт, нэгъэущIу жыпIэмэ, Гъуэгу пэжым тету псэурт. Абы и адэ-анэми, адэшхуэ-анэшхуэми нэмэз ящIу, ахэри Алыхьым и арэзыщIыныгъэм телажьэу апхуэдэт. Ауэ анэшхуэм игу къеуэрт къуэрылъху цIыкIум и нэмэзыр и нэзум зэримыщIыр. ЩIалэщIэм и нэмэзыр блигъэкIыу аратэкъым, ауэ, ар блэкIыным дакьикъ зыбжанэ фIэкIа имыIэжу пIощIэгъуэкIэ ищIу арат. Анэшхуэм еш имыIэу жиIэрт: «Аэзн къызэрыджэу, нэмэзыр щIы, адрей Iэзэхуэр иужь къинэми, ягъэ кIынкъым», - жиIэрти. АрщхьэкIэ, щытыкIэм зихуэжьыртэкъым. ЩIалэм и нэмэзыр иужь дыдэ кьринэрти, ар блэмыкIын папщIэ, пIощIэгъуэкIэ ищIырт.

Зы махуэ гуэрым щIалэм унэ лэжьыгъэ куэд кьратат, еджэн хуейуэ. Ахэр игъэзащIэу, зи зэманыр блэкI нэмэзыр ищIыну теуващ. Сэждэм нэсу и щхьэр щIым щытриIыхьэм, ар занщIэу IуриахащI, апхуэдизкIэ ешати. Жейм хэту абы пщIыхьэпIэ елъагъу: Къемэт махуэр къэса хуэдэт. Дэтхэнэ зыми дунейм щилажьа Iуэхугъуэм хуэфащэн увыпIэ щратыжым, чэзур нэсри, щIалэм и цIэр къраIуащ. И Iэблэ зырызыр мелыбычитIым яубыдри, ар утыку кърашащи, къылъэIэсащ гуэзвэгъуэр, и фэр пыкIащ. Ауэ щыхъукIи, и гур кьогуфIыкI муслъымэну дунейм зэрытетам пащIэ; Алыхьым и арэзыщIыныгъэм зэрыхущIэкъуам, нэмэз, нэщI, псапэ Iуэхуэхэр зэрилэжьам гугъэ гуэрхэр кьрат.

Дунейм щилэжьа Iуэхугъуэхэр тэрэзэм тралъхьэу щашэчым, лэжьыгъэфIхэр зэрылъ фалъэр нэхъ псынщIэу къыщIокIащ. Ар щилъагъум, щIалэр щтащ, гуэзвэгъуэм зэщIищтащ. И Iэблитlыр мелыбычхэм яубыдри, жыхьэнмэ мафIэм хадзэну ирашэжьащ. ЩIалэм гъуэгуурэ жеIэ: - «ПIэлъхь! Си нэщIымрэ си нэмэзымрэ зыри къыпэмыкIуэну ара? Си Тхьэ! Уэ Уи гъуэгум сытетащ, Уэ Уи жьIэм сыщIэтащ, адэ-анэр арэзы сщIащ, сыт мыгъуэкIэ къэзлэжьа мафIэ губжьар?» - жиIэурэ щIалэр ялъэфащ жьихьэнмэ мафIэ зэщIэгъэплъар здэщыIэ къуэшхуэмкIэ. МелыбычхэрэIунщIри, щIалэр щыхуIэм ирадзыхащ мафIэм хагъэхуэну. Жыхьэнмэ мафIэм хэхуэным зымащIэ дыдэ фIэкIа къыщымынэжам, къуэм къыщхьэщыхьэщ жьакIэ хужьышхуэ зытет лIыжь къекIу. Ар къэIэбэри, мафIэм химыгъахуэу щIалэр къиубыдыжри, къуэм къыдихьжащ.

- Уэхт уэ? - щIэупщIащ щIалэр.

- Дунейм ущытетым пщIа нэмэзхэр сэращ, - къыпIугфIыкIащ лIыжьыр.

- АтIэ мафIэм сыхэхуэным тэлай фIэкIа къэмынэжьыху щхьэ гъэзвэгъуэм сыхэбгъэта? - щIэупщIащ щIалэр.

- Уи нэмэзыр блэкIынным тэлай фIэкIа къыщымынэжам и деж укъыщылъэтурэ, пIощIэгъуэкIэ пщIыуэ щытауэ аращ уэри, - жиIэп итащ лIыжьым.

А пщIыхьыр щилъэгъуа махуэм щегъэжьауэ щIалэм щIидзащ нэмэзыр и чэзум щIыным.

Тхьэм и фIыщIэ

Фудейл ибн Ияд дин щIэныгъэлIу щытащ. Мы хъыбарыр абы къиIуэтэжауэ дин щIэныгъэлIхэм я тхьилъым щытхащ:

- Зэгуэрым Iейуэ сымэжэлIауэ, дунейр зэрыхуэбэм къыхэкIыуи псы щIхьэкIэ сылIэу унэм сыкIуэжырт. ПхъонкIий идыпIэмкIэ сыщыблэкIым, зы тхьилъымпIэ кIапэ къэслъэгъуащ, Алыхьым и цIэр тету. Мы дунейм теттэкъым Тхьэм и цIэр зытет тхьилъымпIэр щIым зэрыщызгъэлъын. СыхуэсакъыпIэу ар къэсщтащ. Щхьэм тIэкIурэ псырэ кьыхьэкIэ сылIэу унэм сыкIуэжырт. ПхъонкIий идыпIэмкIэ сыщыблэкIым, зы тхьилъымпIэ кIапэ къэслъэгъуащ, Алыхьым и цIэр зытет тхьилъымпIэр щIым зэрыщызгъэлъын. СыхуэсакъыпIэу ар ямыдэу, а къалэныр ягъэзэщIэну ягъэкIуа лIыкIуэхэм мывэкIэ къахэуэу щIадзащ.

ЦIыху губгъэкъэ ягъэуэдэIужщ, зэбграгъэкIыжри, адэкIэ я къалэным пащащ. Iимамым и хьэдэм щынэсым, апхуэдизкIэ мэ дахэ къащIихьати, мащэр къэзыгI псоми ар яхуэмышэчу, я щхьэхэр унаэзурэ къэмэхащ. Тэлай дэкIыу, зыкъащIэжа нэужь, абыхэм тобэ къаухьыжри, Iэхур зыIутым щыгъуазэ ящIащ унафэр къызыбгъэдэкIар. А хъыбар телъыджэр щIэх дыдэу дунейм щызэпъащIысащ. Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Iиимам лъапIэр нэхъри нэхъ цIэрыIуэж хъуащ, и хьэдэри Мысырым къыщынащ.

Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) илъэгъуа пщIыкIэпIэ телъыджэр

Тирмизи Iимамым къиIуэтэжащ мы хьэдисыр: Ди ЛIыкIуэ лъапIэу Мухьэмэд (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «ПщIыхьэпIэ телъыджэ слъэгъуащ. Къемэт махуэм цIыхум хьэзабыр езыгъэпшыным си Iумэтым ящIщ зы цIыху къиубыдауэ, бгъэлыхь иригъэшэчыгри, гуэзвэгъуэ хэхуам ищтэу щыта **андезхэр** сэбэп хуэхъури, цIыхур гуэзвэгъуэм кьыхашащ. ИтIанэ слъэгъуащ мащэм хьэзаб щызышэчыр, арщхьэкIэ, абыи ищIа **нэмэзхэр** къэувРи, ар хьэзабым къыргъэлащ. НэгъуэщI зы шейтIанхэм къаухъуреихьат, ауэ абы **зикр** (Алыхьыр уи гум илъыныр, Абы и цIэр жыIэныр, араш зикр жыхуэтIэр) жиIахэр къыщыуубым, шейтIанхэр зэбгрыжьжащ. НэгъуэщI зы псы щхьэкIэ лIэрти, **рэмэдан** мазэм кьинэщIахэм къраГэлащ. Адрейр кIыфIыгъэм хэтти, хьэж ищIам ар кIыфIыгъэм къыхишыжри, нурым хишащ. НэгъуэщI зым псэхэхыр къыхуэзкIуати, ар абы къыIэщIэкIащ и **адэ-анэр** къызэрыхуэзэрзым илъ иткIэ. НэгъуэщI зы муслъымэнхэм хагъэхьэртэкъым, абы къыхуэщхьэпащ **Iыхьлыр** эзримыбгынар, абыхэм щабэу зэрахущытар. Адрейр ЛIыкIуэм бгъэдагъэхьэртэкъыми, абы сэбэп къыхуэхъуащ **андезышхуэр** (зыгъэпсклынращ зи гугъу ищIыр). Жыхьэнмэ мафIэмрэ цIыхумрэ я зэхуаку къыдэувэнущ цIыхум **сэдэкъуэ** итахэр. Жыхьэнмэ мафIэм телажьэхэм зылI къаубыдат мафIэ губгъаи хадзэну, арщхьэкIэ абы **исльам диныр** къызэрилъхьуам илъ иткIэ мафIэ лыгъейм ар къелащ. НэгъуэщI зыр мафIэм хадзэну щахым, ар къригъэлащ Тхьэм хуиIэ шынагъэм илъ иткIэ къыщIэкIа абы и **нэпсхэм**. НэгъуэщIым и тхьилъыр и Iэ сэмэгумкIэ иратыжынути, **Алыхьым хуиIа шынагъэм** илъ иткIэ, ар абы Iэ ижьымкIэ иратыжащ. Зым и лэжьыгъэхэр зэрэзэм щытралъхьэм, абы и лэжьыгъэфIхэр зэрылъ фалъэр псынщIэ щыхъум, **быным яхилъхьа гъэсэныгъэм** ар хьэлъэ ищIащ. Жыхьэнмэ мафIэм и гъунэ дыдэм деж къыщыхуа цIыхур шынакъым, **Алыхьым и арэзыщIыныгъэм** зэрытелэжьам илъ иткIэ. «Сиратлкlэ» дызэджэ лъэмыжьыхуэм псэкIэ икIа цIыхур щытт жэнэтым имыхьэфу, жэнэтыбжэхэр зэрызэхуэщIам илъ иткIэ, арщхьэкIэ, абы кьихьу щыта **шэхьадэм** («Ла Iилахьэ Iилэлахь», Мухьэмэд рэсулъ лахь» псалъэхэращ шэхьадэкIэ дызэджэр) илъ иткIэ абы къыхуэзIуахащ жэнэтыбжэхэр».

Нэмэзыр и чэзум щIыным и мыхьэнэр

Мы хъыбар дахэр мы зэманым къэхъуащ. ЩIалэщIэм нэмэз ищIырт, нэщIи иIыгът, КъурIэнми еджэрт, нэгъэущIу жыпIэмэ, Гъуэгу пэжым тету псэурт. Абы и адэ-анэми, адэшхуэ-анэшхуэми нэмэз ящIу, ахэри Алыхьым и арэзыщIыныгъэм телажьэу апхуэдэт. Ауэ анэшхуэм игу къеуэрт къуэрылъху цIыкIум и нэмэзыр и нэзум зэримыщIыр. ЩIалэщIэм и нэмэзыр блигъэкIыу аратэкъым, ауэ, ар блэкIыным дакьикъ зыбжанэ фIэкIа имыIэжу пIощIэгъуэкIэ ищIу арат. Анэшхуэм еш имыIэу жиIэрт: «Аэзн къызэрыджэу, нэмэзыр щIы, адрей Iэзэхуэр иужь къинэми, ягъэ кIынкъым», - жиIэрти. АрщхьэкIэ, щытыкIэм зихуэжьыртэкъым. ЩIалэм и нэмэзыр иужь дыдэ кьринэрти, ар блэмыкIын папщIэ, пIощIэгъуэкIэ ищIырт.

Зы махуэ гуэрым щIалэм унэ лэжьыгъэ куэд кьратат, еджэн хуейуэ. Ахэр игъэзащIэу, зи зэманыр блэкI нэмэзыр ищIыну теуващ. Сэждэм нэсу и щхьэр щIым щытриIыхьэм, ар занщIэу IуриахащI, апхуэдизкIэ ешати. Жейм хэту абы пщIыхьэпIэ елъагъу: Къемэт махуэр къэса хуэдэт. Дэтхэнэ зыми дунейм щилажьа Iуэхугъуэм сыхэбгъэта? - щIэупщIащ щIалэр.

- Уи нэмэзыр блэкIынным тэлай фIэкIа къыщымынэжам и деж укъыщылъэтурэ, пIощIэгъуэкIэ пщIыуэ щытауэ аращ уэри, - жиIэп итащ лIыжьым.

- Уэлэхьи, шэч хэмылъ зэрыуэрыр. Ауэ сэ ар уэзгъэлъагъуфынукъым, - жиIащ щIалэм.

- АтIэ, мис ар уи япэ упщIэм и жэуапщ. Шэч хэлъкъым Алыхь зэрыщIэм, ауэ ар зыми уигъэлъагъуфынукъым.

- ЯтIэм къыхэщIыкIа къуэщыным уи щхьэр игъэуэауэ ара? - аргуэру щIэупщIащ щIэныгъэлIыр.

- ИгъэуэщI, - жиIэп итащ щIалэм.

- АтIэ уэ ятIэм укъыхищIыкIа пэтми, ятIэм къыхэщIыкIа къуэщыным уи щхьэр щигъэузакIэ, мафIэм къыхищIыкIа шейтIаныр жыхьэнмэ мафIэм имысыну щхьэ къыпщыхьуа? - жиIащ щIэныгъэлIым.

- Сэ сыгубжакъым. Уэ къыузэпта упщIитIми я жэуапыр араш, - жиIащ щIэныгъэлIым. АдэкIи пищащ: - Сыт, игъэуза уи щхьэр?

- ИгъэуэщI, дауи, - жэуап итащ щIалэм.

- Дауэ зэрыуэзыр, сыгъэлъагъут, - жиIащ щIэныгъэлIым.

- Уэлэхьи, шэч хэмылъ зэрыуэзыр. Ауэ сэ ар уэзгъэлъагъуфынукъым, - жиIащ щIалэм.

- АтIэ, мис ар уи япэ упщIэм и жэуапщ. Шэч хэлъкъым Алыхь зэрыщIэм, ауэ ар зыми уигъэлъагъуфынукъым.

- ЯтIэм къыхэщIыкIа къуэщыным уи щхьэр игъэузауэ ара? - аргуэру щIэупщIащ щIэныгъэлIыр.

- ИгъэуэщI, - жэуап итащ щIалэм.

- АтIэ уэ ятIэм укъыхищIыкIа пэтми, ятIэм къыхэщIыкIа къуэщыным уи щхьэр щигъэузакIэ, мафIэм къыхищIыкIа шейтIаныр жыхьэнмэ мафIэм имысыну щхьэ къыпщыхьуа? - жиIащ щIэныгъэлIым.

Щапхъэ нэс



Нобэрэй ди тхыгъэр зытеухуар 1987 гъэм Къубэ-Тэбэ къуажэм къыщалъхуа КIасэ Азэмэтщ.

Ар и ныбжькIэ щIалэми, къалэн куэд зи пщэ дэлъ, абыхэми хъарзынэу ялэпъэщ цIыхуу.

Абы и адэ-анэм бынищ зэдагъэтауэ, быным я нэхъыщIэ Азэмэт и ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэ щцыхъуи, я адэр дунейм ехыжащ. Я анэ ХьэIишэт и бынхэм ятегужьеикIауэ, и кIару емыблэжу сабийхэр зэщIипIащ. Дауи, бзылъхугъэр и закъуэ ящыщынам, ар гугъуехь куэдым зэрыIуам шэч хэлъкъым. Ауэ щыхъукIи, Iиман щыпкъэ зыбгъэдэлъ анэ гумащIэм и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр и бынхэм цIыху нэс кIахищIыкIынрати, гугъуехь псори Iэщыб ищIурэ, ар абы зригъэхъулIащ. АлыхьымкIэ шынагъэ яIэу, адыгэ хабзэ яхэлъу, нэхъыжьым пщIэ хуащIу, лэжьыгъэм щымышынэу, гъуэгу пэж тету щIэблэ хъуэпсэгъуэ кьигъэтэджащ ХьэIишэт. Абы щыхьэт тохъуэ дэ цIыхугъэ тхуэхъуа Азэмэт.

И анэм и щапхъэм тету, и къуэш нэхъыжьым и жьIэр тIу имышIу, ар адэм пилъытэу къэтэджащ Азэмэт. Зэрыгъабийр лэжьыгъэм щIапхъэ щIалэщIэм сыт хуэдэ кьалэн нобэ и пщэ дамылъхьэми, яныхэми ар къигъэдэхэркъым.

ЕджапIэ нэхъыщхьэр кьиуха нэужь, илъэсищкIэ МЧС-м щыIащ, илъэсищкIэ физкультурэмкIэ егъэджакIуэу лэжьащ Азэмэт. ИлъэситкIэ кьуажэ Советым и депутату щытащ, илъэсиблым нэблэгъауэ кьуажэдэс сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ бэнэкIэ хуитым хуегъасэ.

КъищынэмыщIауэ, жэуаплныгъэ ин зыпылъ кьалэн мытыншыр и пщэ далъхьэри, кьуажэ администрацэм и унафэщI ар ящIащ.

- ЩIалэр губзыгъэщ, ди нэIэ щIэту къэтэджащ, къыщалъхуари къыщыхъуари мы жьилэращи, ар щыгъуазэщ кьуажэр зыхуэфI-зыхуэныкъуэхэм. Хуэдгъэфэща кьалэнри дагъуэншэу зэригъэзэщIэфынум шэч кьытетхьэркъым, - жаIэ кьуажэдэс нэхъыжьхэм.

- Зэманым и пэ ущыщ цIыхур зыгуэркIэ кьэбгъэгугъэныр тэмэму кьэслъытэркъым сэ. Дауи, мурад куэд диIэщ, ауэ дэ жьIэр зыми щыщкъым, Алыхьым жиIэращ унафэри, гъащIэм псори кьигъэлъэгъуэнщ, - жаIэ езы Азэмэт.

Iэхуэкlэ щIащIащ Азэмэт и дэтхэнэ махуэри - пщэдджэхьэм жьы дыдэу къэтэджри, жэмибл кьчэш, Iэщыпкъуэ зэрекуэри, ахэр псори зыхуэй хуегъазэ, унагъуэ кьалэныр зэфIэгъэкIри, кьуажэ кьалэныхьхуэхэм пэрохьэ. Махуэ лэжьыгъэр кьрихьэлIа нэужь, школым хэт спортзалышхуэм макIуэри, абы кьыщыпэплъэ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ бэнэкIэ хуитым хуегъасэ. Абы и гъэсэнхэм ехъулIэныгъэфIхэр кьыщагъэльагъуэ зэхьэзэхуэхэм.

Азэмэт езым хуэфащэ бзылъхугъэ зэпIэзэрыткIэ Тхьэр кьыхуэупсащ. Абы щхьэгъусэ хуэхъуащ Мырзэкъанхэ япхъу Бэллэ. Абыхэм сабий дыгъитI зэдагъэтащ.

Азэмэт адэкIи и мурадыфIхэр кьехъулIэну, и нэхъыжьхэр хуэпсэуну, гъащIэмрэ бынымрэ гу ящихуэну Тхьэм жиIэ.

Упщ1итIым я зы жэуап

Муслъымэн щIалэм и Iиманыр ирикъуртэкъым. Алыхь зэрыщыIэр и псэкIэ зыхищIэми, яныныкъуэхэм деж мащIэу шэч кьытрихьэрт. Кьищынэмыщ1ауэ, абы кьыгурыIуэртэкъым мафIэм кьыхащIыкIа шейтIаныр жыхьэнмэ мафIэм зэрыхадзэнур. Апхуэдэ щытыкIэм ар хуабжьу гугъу иригъэхьырт. Зымыгъэтынш щытыкIэр хуиIуэтэну.

- Алыхь щыIэ? ЩыIэмэ щхьэ дымылъагъурэ? Ар си япэ упщIэщ. ЕтIуанэ упщIэр мыраш: МафIэм кьыхащIыкIа шейтIаныр жыхьэнмэ мафIэм хадзэкIэ исыну? - щIалэм и упщIэхэр иритащ дин щIэныгъэлIым.

ЯтIэм кьыхэщIыкIа кхъуэщынщ кьищIтэри, щIалэм и щхьэм трикъутащ щIэныгъэлIым.

- Мыр сыт, щхьэ угубжьа? - къэуIэбжьащ щIалэр.

- Сэ сыгубжакъым. Уэ къыузэпта упщIитIми я жэуапыр араш, - жиIащ щIэныгъэлIым. АдэкIи пищащ: - Сыт, игъэуза уи щхьэр?

- ИгъэуэщI, дауи, - жэуап итащ щIалэм.

- Дауэ зэрыуэзыр, сыгъэлъагъут, - жиIащ щIэныгъэлIым.

- Уэлэхьи, шэч хэмылъ зэрыуэзыр. Ауэ сэ ар уэзгъэлъагъуфынукъым, - жиIащ щIалэм.

- АтIэ, мис ар уи япэ упщIэм и жэуапщ. Шэч хэлъкъым Алыхь зэрыщIэм, ауэ ар зыми уигъэлъагъуфынукъым.

- ЯтIэм къыхэщIыкIа къуэщыным уи щхьэр игъэузауэ ара? - аргуэру щIэупщIащ щIэныгъэлIыр.

- ИгъэуэщI, - жэуап итащ щIалэм.

- АтIэ уэ ятIэм укъыхищIыкIа пэтми, ятIэм къыхэщIыкIа къуэщыным уи щхьэр щигъэузакIэ, мафIэм къыхищIыкIа шейтIаныр жыхьэнмэ мафIэм имысыну щхьэ къыпщыхьуа? - жиIащ щIэныгъэлIым.

● Фи лъэIукIэ

Жэпуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахьшэмыр	Жасыр
1, блыщхьэ	4.33	6.03	12.06	15.23	17.49	19.27
2, гъубж	4.34	6.04	12.05	15.21	17.48	19.25
3, бэрэжьей	4.35	6.06	12.05	15.20	17.46	19.23
4, махуэку	4.37	6.07	12.05	15.19	17.44	19.21
5, мэрем	4.38	6.08	12.05	15.18	17.42	19.19
6, щэбэт	4.39	6.09	12.04	15.16	17.41	19.18
7, тхьэмахуэ	4.40	6.10	12.04	15.15	17.39	19.16
8, блыщхьэ	4.41	6.11	12.04	15.14	17.37	19.14
9, гъубж	4.42	6.12	12.03	15.12	17.35	19.13
10, бэрэжьей	4.44	6.14	12.03	15.11	17.33	19.11
11, махуэку	4.45	6.15	12.03	15.10	17.32	19.09
12, мэрем	4.46	6.16	12.03	15.08	17.30	19.07
13, щэбэт	4.47	6.17	12.02	15.07	17.28	19.06
14, тхьэмахуэ	4.48	6.18	12.02	15.06	17.27	19.04
15, блыщхьэ	4.50	6.20	12.02	15.04	17.25	19.02
16, гъубж	4.51	6.21	12.02	15.03	17.23	19.01
17, бэрэжьей	4.52	6.22	12.01	15.02	17.22	18.59
18, махуэку	4.53	6.23	12.01	15.01	17.20	18.57
19, мэрем	4.55	6.25	12.01	14.59	17.18	18.56
20, щэбэт	4.56	6.26	12.01	14.58	17.17	18.54
21, тхьэмахуэ	4.57	6.27	12.01	14.57	17.15	18.53
22, блыщхьэ	4.58	6.28	12.01	14.56	17.14	18.51
23, гъубж	5.00	6.30	12.01	14.54	17.12	18.50
24, бэрэжьей	5.01	6.31	12.00	14.53	17.11	18.48
25, махуэку	5.02	6.32	12.00	14.52	17.09	18.46
26, мэрем	5.03	6.33	12.00	14.51	17.08	18.45
27, щэбэт	5.05	6.35	12.00	14.50	17.06	18.44
28, тхьэмахуэ	5.06	6.36	12.00	14.48	17.05	18.42
29, блыщхьэ	5.07	6.37	12.00	14.47	17.03	18.41
30, гъубж	5.09	6.39	12.00	14.46	17.02	18.39
31, бэрэжьей	5.10	6.40	12.00	14.45	17.01	18.38

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.**

● Къырым

Мэжджыт уардэ

Симферополь щауэхэ мэжджытышхуэм ехьэлIа нэхъ лжьыгъэшхуэхэр зэфIагъэкIауэ къэпплытэ хъунущ. Абы и пкъыр зэфI

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Шхыныгъуэхэр

Iыхьэ-Iыхьэурэ гъэжьа лы, къэрмэфибл ущэба хэлъу

Нэхъ къагъэсэбэпыр Iэщышхуэм и лыпцIэ щабэрщ. Лыр псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэжэпхъри Iыхьэурэ, я Iуваугъыр см 2,5-рэ, я хьэлъагъыр г 150-200 хъуэ зэпэупщI. Щынакъ мыулъыйм иралъхьэ, бжьыныхуэ уба, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа халъхьэри, фIыуэ зэIашIэ. И щхьэр трапIэри, дакъикъэ 20 хуэдизкIэ щагъэтыну щIыIапIэ ягъуэв, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ.

ИтIанэ лы Iыхьэхэр къыхахыж, лым кIэрыпщIа бжьныныхуэ ущэбахэр къыкIэрах, ягъэжэпхъ, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэри, лъэныкъуитIымкIи тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажъэ. ИтIанэ шатэпс, бжьныхуэ уба щIакIэ, къэрмэфибл ущэбар халъхьэри, тебащхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху ягъэбжъкъ. Iэнэм пщтыру трагъэувэ, шатэпс къыщIэнари тракIэж. ПIастэ, мырамысэ хуабэ дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
лыпцIэу - г 300
тхъууэ - г 40
бжьныныхуу - г 10
шатэпсу - г 50
шыбжийуэ, шыгъуу, къэрмэфиблу - узыхуейм хуэдиз.

КIэртIоф лэкъум

КIэртIоф укъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщIри, лыхьэжым щIагъэкI, тепщэнышхуэм иралъхьэри, шыгъу, джэдыкIэ щIынэ халъхьэ, пщагъэр псы хуабжкIэ зэхащIэ, гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIа халъхьэри, тхьэвым хуэдэу ягъэ. Ар тепщэчым иралъхьэ, хьэжыгъэ траудэри, зы сыхьэт-сыхьэтрэ ныкъуэкIэ къагъэтэджыну хуабапIэм щагъэув. Тхьэв тэджар чыржныным хуэдэу пIащIэ хъурей цIыкIуурэ ящI, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэ, зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажъэ. Шатэ тракIэри яшх. ШэI щIыIи удефэ хъунущ. Мыр гъатхэм нэхъ ящIыерйуэ щытащ.

Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):
кIэртIоф укъэбзауэ - г 500
псы хуабэу - г 30
гуэдз хьэжыгъэу - г 200
пщагъэу - г 20
джэдыкIэу - г 20
тхъууэ - г 100
шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Теплъэгъуэхэр

Адыгэ фащэм цIыхур егъэдахэ. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Фокужьым» и кIуэдыкIар

● Хъыбар

Еуэри, бжьыхьэхуегъэзэкI хъуауэ, бийри ди щIыналъэм итхужьну тедгъэнэцIыхьауэ апхуэдэт. Апхуэдэ зы махуэу бгыщхьэ гуэр къэдубыдыжауэ зыдгъэпсэхуу дытест. Дытести, йоуэри, приказ къыпIэрохьэ: «Бийм фебгъэрыкIуи, и Iэбронэр фкъуатэ!» - жиIэу иту.

Уи къару илъмэ, ар куэдрэ: зыкъыдоIэтри, Iэтакэм докIуэ.

Дежьа щхьэкIэ, куэд дэмыкIауэ, «Фоку» жыхуаIэ нэмыцэ истребителым хуэдэ зым дыкъегъэунэху. Дыкъегъэунэхури, пылимоткIэ къыптхэуэрэр хьэлэч дыкъиущ щыхъум, сыт тщIэнт - ди пэзицэм къэдгъэзэжащ. Бгы нэпкъ дыззрысым пхъэхуей ин тетт и щхьэкIэр инрэ баринэу, лъагэрэ пшэм хэту. Мы ди щIыпIэхэм къыщыкIыркъым апхуэдэ жыгыишхуэ! Апхуэдэ нэхъ къыщыкIыр Урысей пхащIэрщ. Илъэсищэм щIигъуа хъунт а пхъэхуеижьыр! «Фокужьым» зыщыдгъэпщкIун хуей щыхъукIэ, абы и щIагъым дыщIэтIысхьэрти дыщIэст. Сэмэлотыми дыкъиIагъуртэкъым, къеухми, жыг щхьэкIэ Iуеым шэр къыпхыкIтэкъым... УщIэсину хуэдэ щыIэтэкъым, ауэ жыг щIагъым дыкъызэрыщIэкIарауэ, къыздикIари-къыздихуари дымыщIэу, истрибителыр къэсти, шэ къэуэжкIэ къытхэуэрэр, дыкъыщихуэжьыр. Жыгыр къильэтыхьурэ дыщIимыгъэкIыу диIыгът. Приказыр срив хъункIэ Iэпасна мэхъу. Сэри сызэгуоп. Сызэгуопри, кэмэндирым деж сокIуэри жызоIэ:

- Тэварыш кэмэндир, Iэпъпинистхэр бгы лъагэ бгы задэм дэкIыу плъэгъуакъэ?

- Сльэгъуащ, - жи. - Сыт-тIэ иджы нэхъ узыхуейр абы щхьэкIэ?

- Сызыхуейрат, тэварыш кэмэндир, а Iэлъпинистхэр бгы задэм щыдэкIкIэ кIапсэ быдэ зэраIыгъыр пщIэркъэ?

- СощIэ.

- НтIэ, пщIэмэ, кхъыIэ, апхуэдэ кIапсэ метрэ щитI хуэдиз къысхуэгъуэт! - жызоIэри сольэIу.

- Сыт зэрыпщынур?

- Плъагъунщ.

Йоуэри кэмэндирыр йожьэри, къысхуегъуэт апхуэдэ кIапсэ быдэ: «мыр зэрищIынур сыт мыбы, и натIэ иримыкIэнума?» - жиIэурэ, гъумэтIымэурэ, къехьри къызет. Арати, мо кIапсэ быдэм и кIапэ лъэныкъуэр аркъэным хуэдэу зэрызодзэ, адрей кIапэ лъэныкъуэр пхъэхуей лъэдийм щызогъэлъадзэ. Щызогъэлъадзэ быдэуи, «Фокум» сежьэу сотIысыж. СщIэр къагурымыIуэу, сэлэтхэри ней-нейуэ къызоIуэ. Сэмэлотри къакIуэркъыми сызэгуоп. Щымыхъужьым, сокIуэри кэмэндирым солъэIу:

- ИIэт, дыгъакIуэ Iэтакэ! - жызоIэри.

Кэмэндирым мыарэзы-мыарэзыуэрэ кэмандэ етри, Iэтакэ докIуэ. Жыг щIагъым дыкъызэрыщIэкIыххэу истрибителыр къос. Къосри, шэ къэуэжкIэ къытхэуэу щыщIидзэм, кэмэндирым «Нэзат!» - жеIэри къыдегъэтэзэж.

«Фокум» зэрихабзэжьти, ди жыгыр къиуфэрэзыхьурэ, бгъэм ещхьу, пикировать ищIу щIидзащ. Сэри абы пикировать щищIым ирезгъэхьэлIэри, си аркъэныр згъэкIэрахъуэщ-згъэкIэрахъуэри, здзыщ аби, сэмэлот етам и пэм фIэзгъэхуащ. Нэмыцэ лотчикым ар щиIьагъум, «ыI, саубыд!» - жеIэри, зиIэтыжыну хуэжьэ, арщхьэкIэ пхъэхуейм епхащи, игъакIуэркъым: еIэху кIапсэр нэхъри щолъдэ. ИтIанэ жыгыр иричынкIэ хъуну Iуэхур абы щынэсым, «Алыхьыр согъэпщI, апхуэдэ жыг дыщэр сеплъу мо бзаджэ-наджэм ирезгъэчым!» - жысIэри, кIапсэр субыдщ аби, секъум-сшыхьым, сыкъекъум-сшыхьурэ, «Фокужь» плъагъур къелъэфэхри, дахэ цIыкIуу къзэгъэтIысац.

Кэмэндирыр гуфIэнтэкъэ?! Къысщытхъури, апхуэдэ смекалкэ узэриIэм щхьэкIэ орденышхуэ къуезгъэтынщ жиIэри, тхылъ итхащ. Итха щхьэкIэ, мо зауэ гуащIэм тхылъыр здэкIуар Алыхьым ещIэ - кIуздащ. КIуздами, ягъэ кIынкъым: апхуэдэ Iэджэ хэкIуэдащ зауэм. Дэ дыщIэзэуар ордентэкъым - дыщIэзэуар ди щIыр тхъумэжьну арати - тхъумэжащ...

... НтIэ, арати, «Фокужьыр» ямыIэж щыхъум, нэмыцэр щтэри икIуэтыжащ: бетэмал, ди «Фокужь» мыгъуэр дилэжамэ, сыт хъунт, жаIэурэ.

НАЛО Заур.

● Псалъэжьхэр

Зи игъуэр дахэщ

♦МафIэм сахуэ ещIри, дзэм шахуэ ищIыркъым.
♦Шу гъуэгурыкIуэм бзыпхъэ трех.
♦Хамэхьэр къохьэри, унэхьэр иреху.
♦ЦIыхум я фэр зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, ягури зэхуэдэкъым.
♦ЗыщI нэхъри еплъ нэхъ Iэзэщ.
♦Джэду здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ.
♦Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.
♦Зи игъуэр дахэщ.
♦Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапIэщ.
♦Хейм и лъыр хамэм ещIэж.
♦Хуарэр дэхуэхмэ, гум йокъу.

● И чэзущ

Бжьыхьэпэ мазэ

и щапхъэу къэнащ. ГъавэщIэ кърахьэлIэжам сэджыт, бытыр хуэдэхэр хатыкIын ипэ, «хамэIумыхуэ» жаIэрти тхьэпэIу цIыкIу ящIырт. ГъавэщIэм щыщ япщэфIырти яшхыт, итIанэ псапэ ящIэн щIадзэрт. Гъавэм щыщу Iыхьибгъум епщIанэр бытыру ятырт; Iэщым, мэл-бжэнхэм - щынэ плIыщI къэс зы яту арат, ауэ нэхъыбэ птыныи фIыт.

Мы мазэм хиубыдэрт Гъубжэщэ тхьэпэIуР. Ар унагъуэ тхьэпэIухэм ящыщ зыщ. Тхьэпэ IуфIэм щынэхъыщхьэр унэгъащэрт. Ар зэрекIуэкIыр мыпхуэдэут. Губгъуэм итахэм, Iуэн зыухахэм я пщэм гъубжэ дэпъу пщIантIэм къыдыхьэжхэрт. Унэгъащэмрэ сабийхэмрэ гуфIэу абыхэм къапежьэрти хуэхахъуэрт, гъэр узыншэу тIыр бгъуэтмэ къащтэ - щытыжкъым...

ЗыгъэпсэхуакIуэ

ЛIым и бынхэм яжреIэ:

- Мыгувэу отпуск къыдатынущи, тенджыз Iуфэм зыгъэпсэхуакIуэ дыкIуэнущ.

ЦIыкIуэр гуфIэнтэкъэ - гуфIащ.

- Абы, - къыпещэ адэкIэ лIым, - ди Iэр зэтедзауэ дыщыщысынущ, пIэ Iухынри, шхыныр гъэхъэзырыпри, унэр гъэкъэбзэнри дэ ди Iуэхунукъым: псори зыгъэпсэхупIэм и лэжьакIуэхэм къытхуащIэнущ.

Ар щызэхихIэ, илъэсих зи ныбжь щIалэ нэхъыжьым, и дамащхьэр дрешейри, зыри къыгурымыIуауэ, щIэпщIэ:

- Абы щыгъуэм сыт-тIэ ди гъусэу мамэ ныщIэкIэнур?!

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. Хэку зауэшхуэм хэкIуэда, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн ... **4**. ПIыхъужь Алий, Токъуий Хъусен, Къуныжь Хьэждал сымэ я къуажэ. **7**. Адыгэ композитор цIэрыIуэ. **8**. Лы лей зытелъ цIыху. **9**. АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **10**. ЕгъэджакIуэм къиГъэсэбэп сэху тыкъыр цIыкIу. **11**. Щыхь пIащэ. **12**. 2008 гъэм Китаим щекIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа адыгэ пелуан. **14**. Набдзэ ... **16**. ЦIыхухъуэхэм я зэхуэдитIым щIигъум (лъэпкъ зыкъомым я цIыхубзхэми) зэрызытращэу «бжьэф». **18**. Адыгэ художник Iэзэу щыта, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа. **19**. Зиусхьэн лъэпкъ. **20**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и профсоюзхэм я Iэтащхьэу ильэс куэдкIэ лэжьа ... Пщыкъан. **23**. ЕплIанэ нэмэз щIыIуэ. **24**. Адыгэ Iуэрыlуатэм къызэрыхэщыжьыкIэ, Андемыркъан, щакIуэ кIуэуэ здэщыIым, пщышхуэм щIэнэкIащ: «Беслъэней пцIапцIэу ... , си шэм и кIуэкIэр уигу ирихьа?» **25**. Си щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа цIыхубз. **26**. ЩIыгъын ... кIиущтэри щIалэжьыр хьэгъуэлIыгъуэ кIуащ. **27**. Хадзэкэ. **29**. ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **31**. Iэпхъуамбапщэм и бгъуагъым хуэдиз хъу пщалъэ. **32**. ...-Абхъаз зауэм лIыгъэ щызэрахьащ да адыгэ щIалэ куэдым. **33**. ГъущIхэкI, дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэу. **34**. НэгъуэщIхэм яйм хэмыгъуэщэн папщIэ Iэщым традзэ дамыгъэ.

Къехьу: **1**. Дзэпыкъуэ районым хиубыдэ къуажэ. **2**. Iэщым зэреджэ нэгъуэщIыцIэ. **3**. Анэхьилъху. **4**. Зи нэхэр зэблэплъ. **5**. Налшык дэт Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист ... Алий. **6**. Ставрополь щIыналъэм хиубыдэ къалэ зыгъэпсэхупIэм зэреджэ адыгэцIэ. **13**. «Сэ сщIа псор сIуэтэжмэ, лIыжь ... къысфащынц» - жеIэ зекIуэ кIуэрейуэ щыта, си ныбжь хэкIуэта дадэм. **15**. Таурыхъ, псысэ, ... **17**. Мэлыхъуэ пщыIэ. **21**. «... Жамбот» - ЩIоджэнцIыкIу Алий и поэмэ. **22**. Къэрэгъэш щыпсэуа мэкъумэшыщIэ, Социалист Лжьыбгъэм и ЛIыхъужь ... Мухьэмэд. **26**. ЦIыку жумарт. **28**. Къэушырыба, къэпща. **29**. ЩIэпхъаджагъэ зылажьэхэр пасэм адыгэм абы ирадзэрт. **30**. ЛIахъстэн вакъэ пIащIэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



● ГъэщIэгъуэнщ

ХъумпIэцIэджыр зэи жейркъым

♦ЩIыр щыхъеим деж хьэндырабгъуэхэр лъэтэфкъым.
♦ЦIырэ-цIырэр зэрыпсэур сыхьэт 24-рэщ.
♦Хамелеоныи и бзэгур и Iэпкълъэпкъ псом нэхърэ нэхъ кIыхьщ.
♦Къундузым и напIэм уэзпхоплъ.
♦Адакъэр Iуэфыркъым, и пщэр химышауэ.
♦Хьэмбылум гуитху иIэщ.
♦Анджырэфыр (бамбук) зы жэщ-махуэм сантиметр 91-рэ хуэдизкIэ хохъуэ.
♦Пылыр щхьэкIэ щытыфщ.
♦Бэджым и лъым фэ иIэкъым, уэзпхоплъ.
♦Бжьэм шхалъитI иIэщ: зыр фом, етIуанэр шхыным щхьэкIэ.
♦НэщIэпкIэм дзэуэ 25 000-рэ Iутщ.
♦Жирафыр хущхьэфыркъым.
♦Кенгуру балигъэр метри 9-кIэ мэпкIэф.
♦Джэдхэр кIыфIу шхэфыркъым.
♦Блэр илъэсищкIэ мэжеиф.
♦ХъумпIэцIэджыр зэи жейркъым.
♦Джейм и гур зы дакъикъэм бгъуэ къеуэу араща.
♦Лимоныи фошыгъу нэхъыбэ хэлъщ мэракIуэм нэхърэ.
♦Псы пщтырыр щIыIэм нэхърэ нэхъ хьэлъэщ.
♦ЦIыхур щыпырыкIэ пщIыхьэпIэ и лъагъуфынукъым.

Ялэ бжьыхьэ мазэр иджырей фокIадэр аращ, абы и 22-м къыхьэу. «Бжьыхьэпэ мазэр къихьамэ, гуахъуэ хэх укIуэ хъунущ», жаIэу щытащ. Ар цIыхуэм фIыуэ ягъэунэхуа Iуэхут. Бжьыхьэр къихьамэ, жыгхэм я хэхъуэныр щагъэт, пхъэ кумылэр мэж, пхъэ хъунур ягъэхьэзыр.

МЫ МАЗЭМ щхьэкIэ «Си хьэр цIыху хъуащэрэ», щыжаIэ зэманщ», - жаIэрт адыгэхэм. ЦIыху мащIэ фIэкIа зэрымыж унагъуэхэм мэшых щIыхьэху ящIырт. Гъавэ бэвкъайхъуIарэ яхуэзащIэмыкъуэкмэ, зрикъунум хуэдиз яIуэрти, адрей къэнар щэджу зэтрагъахьэрт. ЩIымахуэ щIэкIауэ щаджи уиIэныр фIыуэ, унагъуэ хуэщIам и нэщанэу ябжьыртэ. Абы къыхэкIыу, зыгуэрым и Iуэху къимыкIа-мэ, «и щэджыжьыр иIуэжащ» жаIэрт. Мыбы ехьэIат «хьэм тетыгъуэ» жыхуаIэри. Ар хьэблэм е къуажэм зы хьэм яIэу абы чэзуэ щылажьэу зэрыщытам и щапхъэу къэнащ. ГъавэщIэ кърахьэлIэжам сэджыт, бытыр хуэдэхэр хатыкIын ипэ, «хамэIумыхуэ» жаIэрти тхьэпэIу цIыкIу ящIырт. ГъавэщIэм щыщ япщэфIырти яшхыт, итIанэ псапэ ящIэн щIадзэрт. Гъавэм щыщу Iыхьибгъум епщIанэр бытыру ятырт; Iэщым, мэл-бжэнхэм - щынэ плIыщI къэс зы яту арат, ауэ нэхъыбэ птыныи фIыт.

Мы мазэм хиубыдэрт Гъубжэщэ тхьэпэIуР. Ар унагъуэ тхьэпэIухэм ящыщ зыщ. ТхьэпэIуфэм щынэхъыщхьэр унэгъащэрт. Ар зэрекIуэкIыр мыпхуэдэут. Губгъуэм итахэм, Iуэн зыухахэм я пщэм гъубжэ дэпъу пщIантIэм къыдыхьэжхэрт. Унэгъащэмрэ сабийхэмрэ гуфIэу абыхэм къапежьэрти хуэхахъуэрт, гъэр узыншэу зэрызэщIалъхьам щхьэкIэ тхьэшхуэм фIыщIэ хуащIу. ИтIанэ унэгъащэр Iэбэрти, зыгуэрым и пщэм дэпъ гъубжэр къыдихыну хуеижьэрт. АрщхьэкIэ гъубжэр зи пщэм дэпъым ар къыдригъэхыртэкъым. ИтIанэ унэгъащэм хьэлывищэ махъсымэ фалъэрэ я къахущIихырт губгъуэм щыIахэм. Ар къыдыхьэжахэм я нэхъыжьым иритырти, хъуахъуэурэ псоми я пщэм дэпъ гъубжэхэр къыдихырт, ахэр хьэщIэ лъапIэм ещхьу къыгурыгъэлэгъэжырт. Мыбы щыгъуэ гъавэщIэр щапщэфI къэхъурт. А гъавэщIэм щыщ яшхмэ, абы и ужькIэ хамэIумыкъуэ тхьэпэIуIри занщIэу ящIу щытащ.

«Адыгэ календарь» тхылъым къитхыжащ.

● Гушыlэхэр

ПсапащIэ

Гъэмахуэ кIуам Дизыкъуажэ Iуэху къыпIыкъуэкIащ: и хадэхэкIыр бэгъуауэ здихьынур ищIэртэкъым. Бззэрым щищэну зэманри гукъыдэжи иIэтэкъым, апхуэдэу щыхъуи, пщадджыжь гуэрым, и мыпкъум псапэ хищIыкIыну мурад ищIщ, зы нащэ пэгунрэ помидор ашычэ куэбжэпэм дихри, щэнт зырызым тригъэуващ. «ПщIэншэу фызот!» жиIэу хьэрфышхуэкIэ тхауэ щэнт зыкIэрыгъэщIапIэм кIэригъэпщIэжри, езыр лэжьакIуэ кIуащ. Пщыхьэщхьэм, лэжьапIэм къикIыжмэ, елъагъу: нащэ пэгун ри помидор ашычри щытщ, зыри емыIусауэ, щэнтIыр бгъуэтмэ къащтэ - щытыжкъым...

ЗыгъэпсэхуакIуэ

ЛIым и бынхэм яжреIэ:

- Мыгувэу отпуск къыдатынущи, тенджыз Iуфэм зыгъэпсэхуакIуэ дыкIуэнущ.

ЦIыкIуэр гуфIэнтэкъэ - гуфIащ.

- Абы, - къыпещэ адэкIэ лIым, - ди Iэр зэтедзауэ дыщыщысынущ, пIэ Iухынри, шхыныр гъэхъэзырыпри, унэр гъэкъэбзэнри дэ ди Iуэхунукъым: псори зыгъэпсэхупIэм и лэжьакIуэхэм къытхуащIэнущ.

Ар щызэхихIэ, илъэсих зи ныбжь щIалэ нэхъыжьым, и дамащхьэр дрешейри, зыри къыгурымыIуауэ, щIэпщIэ:

- Абы щыгъуэм сыт-тIэ ди гъусэу мамэ ныщIэкIэнур?!

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылпасэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, НэщIэныджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кIуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхуцl1апIэхэм ядэлэжьэныбжьмкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныбжьмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорэу* **Шоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютерIэ газетым и тепIуэр ящIащ* **Доп Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.191 ● Заказ №966